


NZVIMBO YOGA YAKAPIWA

NAMWARI YOKUNAMATIRA

 Mangwanani akanaka! Ndinofara kuva pano mangwanani ano. Uye tiri kufara, nokunakidzwa nokuwadzana kukuru uku padzimbo idzi dzakare dzokutenda. Tinozvida. Hamudarowo here? Korasi ye *Ameni*. Ndizvo zvaAri, Ameni, munoono. Ndiye anotaure shoko rokupedzisira.

² Ndanga ndakagara apo ndichitaura neshamwari yangu yakare, Hama Brown, apo dzimbo dzanga dzichiendeka. Uye vati, “Hama Branham, handina kumboona kusvikira nezuro, izvo zvamanga muri kutaura nezvazvo.” Vati, “Kana vanhu vakangogona kupinda mune zvamuri kutaura pamusoro pazvo,” ndokuti, “chose chidzviso chinobva munzira.” Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo chaizvo. Ndizvozvo chaizvo. Kana mukangogona kuZvibata zvakasimba, mukagona kuZvibata. Maona?

³ Ndichitaura neshamwari yangu duku, Ernie Fandler. Ndinofunga kuti vamwe venyu vari pamubatanidzwa wenhare munorangarira Ernie, kuti akatendeuka sei, kuti akatungamirirwa sei kunaShe. Haataure Chirungu chakanaka, kana kuti ndaida kuti auye ataure shoko rimwe chete. Uye ane ma *we’s* nema *W’s* ose akasanganiswa. Anga achindibvunza kana ndiri kurangarira nguva iyo paShawano kwaanogara. Paiva nemumwe murume akafira imomo mumusangano, ndokudonhera muchigaro chake ndokufa, muLutherani. Takaita kuti munhu wese anyarare. Takataura Shoko raShe pamusoro pake, iye ndokudzoka kuhupenyu, ndokunyatsouya pamusoro pake. Havasati vazvikanganwa, vari kuda kuti tidzoke zvakare.

⁴ Ndanzwisisa kuti muFrance, mangwanani ano, pane vanhu vekuFrance vanodarika zviuru zviviri vari pakutsanya kwemazuva akati kuti kuti tiuye tiunze Mharidzo kuFrance muchiFrench. Nyika yose yechiProtestanti, chikamu chechiProtestanti cheniyika yeFrance. Saka tiri . . .

⁵ Yave kungotanga kudombera zvino, kungotanga, chikwande chave kutanga kubva zvino kuitira kuti gorosi rigokwanisa kunge riri kunze ikoko zvino. Maona? Saka ingorambai muchiremekedza, rambai muchinamata. Maona? Rangarirai, “Avo vanomirira panaJehovha, vanovandudza simba ravo.”

⁶ Zvino, pane . . . ndanga . . . ndave kunyatsochembera, uye ndafunga, “Ndichagona here . . . Pachava here nerumwe rumutsiriro, rwandichaona pane imwe nguva?” Uye ingorangarirai, kubva kumadokero kuchauya mutasvi ari

pabhiza jena. Tichatasva muhwezva uyu zvakare. Ndizvo chaizvo. Munguva shoma patinenge tagadzirira. Ivimbiso, munoono.

⁷ Zvino, ndinoda kuti kune Hama Leo...Ndakanga ndiri kutaura nezveHama Wood usiku hwapfuura, mukoma wavo ari pano. Hama Leo, kana imi neboka duku riri pamubatanidzwa wenhare ikoko mangwanani ano; Hanzvadzi Mercier, baba venyu vari pano. Ndakavaona nezuro manheru. Vari muchivakwa muno pane imwe nzvimbo, uye vanoratidzika zvakanaka kwazvo.

⁸ Mangwanani avakapodzwa patabhenakeri, paiva nevanhu vaviri vaiva nehurwere hwekenza hwakakura kwazvo, vave kutonyatsofa, uye vari vaviri vakapodzwa. Zvino baba vavo, murume mutana vakabatwa nemoyo, vakapodzwa kuti Mwari vawane kubwinya. Uye vari mumusangano muno pane imwe nzvimbo. Handisi kukwanisa kuvaona mukati mevanhu vakawanda zvino, asi vakanga vari pano nezuro manheru.

⁹ Kwaziso kunemi mose muri munyika yose; pano munzvimbo ino yakanaka kwazvo, yeLife Tabernacle pano paShreveport, paine vanhu vakawanda vakamanikidzana muSunday school. Munoziva, dai ndaigara muShreveport, ndisiri kutaura chimwe chinhu chinopesana nemumwe munhu, asi ino ndiyo nzvimbo yandiangadai ndaiuya kuchechi, ipo pano chaipo paLife Tabernacle. Ino haisi sangano. Life Tabernacle, zvairi nhasi, itabhenakeri inosanganisira vanobva kumasangano ose. Vakabuda musangano nokuti vakandigamuchira pamwe neMharidzo ino yandinoparidza. Hama Jack Moore, hama pamwe neshamwari yangu, vakabuditswa mumasangano nokuti vanga vachibatirana neni. Uye nokudaro ndinofunga kuti vanokodzera kuwana kucherechedzwa kwakanaka. Ndizvo chaizvo. Mwari vavaropafadze. Uye musimudze mawoko avo mumunamato, uye nokutenda pamwe chete navo.

¹⁰ Zvino Hanzvadzi Moore, hapana pandiri kuvaona vari, ivo...Hongu, kumashure kuno uku. Vanga vachiratidzika sekasikana kaduku kagere uko mangwanani ano, vakanyatsozvishongedza saizvozvi, zvitsva, uye zvinonyatsoratidzika sezvipfeko zvepaEaster. Uye zvanga—zvanga zvichiratidzika sokunge...Hama Jack vanga vasiri kuvaziva kunyange naivowo. Zvino, Hanzvadzi Moore.

¹¹ Zvirokwazvo tinoshuvira Anna Jeanne naDon, nevamwe vose. Ndafara kusangana neHama Nolan, ndivo mumwe wevabati pano.

¹² Uye Hama Ernie, ndakavakumbira nezuro kuti vagoimba *Ameni* iya. Ndinayo parekodhi, zvino ndaisakadza nokuramba ndichidzokorora kuiteerera, *Ameni*. Ndinofunga kuti vane inzwi racho; rinokunda mamwe ose. Uye Judy muduku, ndamucherechedza; vaviri, vanoratidzika sehanzvadzikomana

nehanzvadzisikana. Havana kudaro? Ivo murume nemudzimai. Tarisai mumwe nomumwe wavo, munoona vanoratidzika zvakafanana. Maona? Uye murume nemudzimai vakanaka kwazvo. Ndizvo, munoziva, ndizvo... Hama Palmer vachangobva mukukwira masitepisi endarama, iyeye mwanasikana wavo nemukwasha wavo. Uye uyo... Uye zvirokwasvo ane chikamu mukudzidziswa kwake semwana. Uye vane vamwe zvakare, vashumiri vakaroo rawo zvakare, uye ava ndivo vavhangeri vari mumunda wavo wekuvhangeri, nevamwe. Nokudaro zvakangonakisa.

¹³ Handisati ndaona Hanzvadzi Palmer. Zvirokwasvo, handizive kana ndichivaziva kana ndikavaona, kana kuti kwete. Vari, zvichida, pane imwe nzvimbo (ndizvozvo) mumusangano. Kumashure-shure; Mwari vakuropafadzei, Hanzvadzi Palmer.

¹⁴ Moyo wangu unodendera nguva dzose pandinofunga nezvazvo. Hama Palmer vakanga vachangokwira masitepisi kusvikira, maminiti mashoma, kusvikira pandakawana nhawu dzokuti vakanga vafa. Handina kugona kuzvitenda. Billy akandifonera, uye mumwe munhu akanga awana... uye vaiziva. Takanga tiri shamwari chaidzo dzakanaka, uye kuziva kuti vakanga vafa, zvaideresa zvikuru. Asi tose tinofanira kuenda, zvisinei kuti tiri vanaani, tinofanira kuenda mumwe nomumwe. Asi panongori nechinhu chimwe chete, “Ngatinzwei magumo enyaya yacho yose: Itya Mwari nokuchegeta mirairo yaKe, nokuti iri ndiro basa rizere remunhu,” Muparidzi 12.

¹⁵ Zvino, handina nguva yakawandisa yechidzidzo cheSunday school chino, uye ndakashoshoma.

¹⁶ Handiti, Hama Peary Green vakaita chinhu chakanaka. Vakandinzwa ndichiti, nezuro manheru, “Ndakashaya vhudzi rangu duku rekupfeka mumusuro rinondichengeta...” Vakafona ikoko zvino ndokuedza kuti mumwe munhu aribhururutse nendege kuuya kwandiri. Ndakati, “Watononoka, ndatoshoshoma kare.” Ndaedza kwemakore kuti ndiwane chingabatsire, asi pandakawana iroro, rakazvipodza. Asi ndakarikanganwa rwendo rwuno, nokudaro ndakati shoshomei zvishoma. Saka imi tsungirirai neni, kana muchikwanisa, mukutaura.

¹⁷ Zvino, vangani vanofarira Sunday school? O, ini zvangu, ndizvo chaizvo. Kunhu kwakanaka kwekutumira vana venyu kwakuri. Kwete, regai ndipagadzirise ipapo, kunhu kwakanaka *kwekuunza* vana venyu kwakuri. Ndizvo chaizvo, kuunza vana venyu; nemi moyawozve. Vangani vanoziva kuti Sunday school yedu yakatangwa sei? Ndekupi kwayakatangira? England. Yainzi kudini pakutanga? *Ragged school*. Ndizvo chaizvo, yainzi “Ragged school.” Sezvo ndakanganwa zita remurume uyu zvino akaitanga. Zita rake, ainzi ani? [Mumwe munhu anoti, “Robert Raikes.”—Mupepeti.] Ndizvo chaizvo, ndizvozvo chaizvo.

Akatora vana vaduku kubva munzira (vaine marengeny, uye vasina kwekuenda, uye zvakaipa kwazvo), zvino akavaunza mukati ndokutanga kuvapa zvidzidzo zveBhaibheri. Zvino yakakura kuva chirongwa chikurusa chekereke, potse, nhasi, Sunday school. Zvakanaka kuti uende. Iva nechokwadi kuti wauya, unza vana vako. Ndinofunga kuti iyi tabhenakeri pano ine vadzidzisi, makamuri ane midziyo yekushandisa, mazera, nezvimwe zvakadaro. Uye imi vatsva vachangotendeuka muri kungouya kunaKristu, nyatsoteverai muchifambirana neMharidzo; uyai pano paLife Tabernacle, zvino vachakuitirai zvakakanaka.

¹⁸ Zvino, manheru ano tichava nomutsara wakare wokunamatira vanorwara. Tiri kuzongonamatira vanorwara nenzira yataimboita nayo, Hama Jack naHama Brown.

¹⁹ Ndinorangarira ndichiona Hama Brown vachiedza kupa makadhi aya omunamato, uye nokuti ivo vaiva mushumiri pachavo... Uye mumazuva iwayo, mune rimwe sangano ratai... vakavaisa pakumanikidzwa, munoziva, “Ndi—ndiri hama yenyu,” muchinhu ichi, munoziva. “Unofanira kundiyendesa kumusoro uko.” O, ivo zvirokwazvo vakava nenguva yakaoma, asi vakaramba vakatendeka nokutendeseka kwese. Hama Brown mumwe murume akanaka kwazvo. Zvino nokudaro tinovada.

²⁰ Zvino ndiri kuona isu tose, pahutatu hwedu tiri... tiri kuswadera zvishoma nezvishoma kuva vatana, kumagumo. Chichava chinhu chinowisa kwazvo kana tanga tisina kuisa mukati medu chinhu icho chikuru, chatinoziva kuti iChokwadi. Tiri kungogadzirira kudzokera rimwe remazuva ano, kudzokera kuhujaya hwedu zvakare, kwekusazofa... mitumbi yedu yashandurwa, yagadzirwa kuti imire yakafanana Naye. “Nokuti kana tabhenakeri ino yepanyika yehugaro hwedu ichinge yanyungudika, pane imwe nechekare yakatimirira.”

²¹ Uye chikamu chatinotenda nacho, shamwari inodikanwa, kuti Ishe Jesu vanodikanwa... Imi munovimba neni kukuudzai Chokwadi; Ishe Jesu vanodikanwa, mamwe mangwanani dzingangoita idzo eight o'clock, vakandiita kuti ndione Nyika yacho. Zvino, chakanga—chakanga chisiri chiratidzo; asi handidi kutaura kudaro. Chero zvazvaiva, zvaiva zviri zvmazvirokwazvo sokutaura kwandiri kuita nemi pano. Zvino, ndakaona zviso zvevanhu ivavo, uye handina kugona kuvacherechedza, vakanga vashanduka kuva vaduku zvakare. Uye vakanga vari vmazvirokwazvo sezvakaita... Ndaibata maoko avo nezvimwe. Vari chaivo zvmazvirokwazvo... .

²² Uye zvakandibatsira, nokuti ndaimbova neimwe pfungwa: kana munhu achinge afa, mweya wavo wega ndiwo waingoenda. Asi paAkareva chitaurwa kwandiri nezvazvo, kuti “Kana tabhenakeri ino yepanyika yehugaro hwedu ichinge...tine

imwe nechekare.” Maona? Uye tinofanira kuva nezvinhu zvose zviri muhutu, kuti zvikwaniswe. Maona? Zvino pane mutumbi mumwe chete uri pano, nemumwe mutumbi uya uri uko uri iwo mu—mutumbi wekudenga, uyezve mutumbi wakabwinyiswa parumuko. Munoono, zvinouita kuti tive nokukwaniswa. Maona? Nokudaro waka . . . Haisi ngano, haisi pfungwa, hausi mweya. Atori murume nemudzimai akaita sezvamakaita, chaizvoizvo.

²³ Uyezve, makore apfuura, ndakaona nzvimbo dzevakarasika, uye ndakanga ndiriko. Ndinokuudza, shamwari, semutana, rega ndikunyengetedze pane izvi, munyika yose mangwanani ano, usambofa wakada kuona nzvimbo iyoyi. Hapana imwe nzira yokuti ndingagona . . . dai ndaive mupendi wemifananidzo ndiine bhurasho handaimbokwanisa kupenda mufananidzo wacho. Semushumiri, handikwanise kukutsanangurira. Taura nezvegehena senzvimbo iri kubvira, zvakadarika izvozvo pakuipa zvakapetwa kamiriyoni, zvinhu zvinotyisa zvinoenderana naro.

²⁴ Uye Denga . . . kana nzvimbo iyi, kungave kuri kupi kwayaive, handizive kuti ndoidana kuti kudini. Akaiti ikoko se “mweya iri pasi peartari.” Asi payakanga, handisati . . . Hapana nzira yokutsanangura kuti kunoshamisa zvakadini. Kune . . . Zvino, munofanira kungatora shoko rangu, ndingori munhu. Maona? Asi zviratidzo izvo zvinogara zvichizadzikiswa sokukutaurirai kwandakaita, uye munoziva kuti chimwe nechimwe chazvo changa chiri chechokwadi, *ichocho* ichokwadiwo zvakare. Chero chipi chaungaita, kana ukashaya zvinhu zvose (hutano, simba, kuona kwako, chingava chiri chii), usapotsa ikoko. Hakuna chingafananidzwa nako. Kwaka . . . Hapana—hapana shoko mumutauro weChirungu, randinoziva, ringagona kuzvitsanangura. Kana ukati “zvakanwana,” zvinodarika izvozvo; “zvemadorokwati,” zvi—zvinodarika izvozvo; “zvakaipfuisa kunaka,” . . . Hapana—hapana mashoko andinoziva anokwanisa kuzvitsanangura, nokuti zvakanga zvakanyatso . . . Uyezve, kufunga, kuti handiwo magumo azvo nazvino. Ndakafunga, “Ini kutya kuuya kune zvakadai?”

²⁵ Ndakati, “Munodya here?”

²⁶ Ndokuti, “Kwete kuno. Kuno hatidye, asi kana tichinge tadzokera panyika tichagamuchira mutumbi watinodya mauri.”

²⁷ Zvakanaka, ndaigona kuvanzwa nemanzwiwo okubata. Vakanga vakangoita *saiizvozvo*. Maona? Uye ivo . . . Ndakati, “Zvakanaka, mune . . .” O, hongu, vane mutumbi. Haingori ngano, utori mutumbi. Tinozivana. Vose vaindiziva, vachindimbundira, mamiriyoni avo.

²⁸ Zvino ndakati, “Zvakanaka, ndinoda kuona Iye Andiunza kuno.”

29 Rikati, “Haukwanise kuMuona iye zvino, unofanira kumbomira.”

30 Ndikati, “Sei mandiisa pane . . . kumusoro kuno?”

31 Ndokuti, “Wakanga uri mutungamiri muhupenyu.”

32 Zvino ndikati, “Ko Muri kundiudza here kuti vose ava ndevakwaBranham?”

33 Iye akati, “Kwete! Ava vanhu vawakatendeutsa kunaKristu.” Maona?

34 Ndakatarisa kwese-kwese, zvino hwese usiku hwakaoma, nemiyedzo, zvaka pfuura, pandakagona kuona zviso zvavo. Mumwe mudzimai wechidiki akamhanyira ipapo, mumwe wemadzimai aive akanakisa kwazvo pachiso, zvino iye akangokandira maoko ake achindimbundira, uye ndokuti, “Hama yakakosha.” Zvino paakapfuura . . . Zvino, iye akanga ari mudzimai. Saka . . . Asi ikoko, hakuzombova nechivi. Munoono, tsinga dzedu dzinoshandurwa ikoko. Hakuberekwi vana zvachose, ikoko. Maona? Munoono, zvimwezvo.

35 Chii chinoita mutsauko, manzwiwo emunyama. Ndicho chikonzero ndisingatendi murumveesano. Hapana murume . . . Ini, pamberi paMwari neBhaibheri rangu, ndakararama zvachena, zvenzira iyoyo muhupenyu hwangu pandakanga ndiri mukomana wechidiki, nemuhujaya hwangu hwese. Wese musikana wandakambofambidzana naye, ndinokwanisa kufamba ndichidzokera paKutungwa naye. Maona? Asi hapana murume, handina basa kuti ndiwe ani, angarega mudzimai (akaumbwa semudzimai) kuti akumbundire; kana uri murume wechokwadi ane utano, pane manyawi munyama. Asi zvakanga zvisipo ikoko; hakuna tsinga dzacho. Mose mune tsinga yakafanana. Maona? Kungori nerudo rwehanzvadzi nehama rwachena, rwusina kusvibiswa, kudarika zvazvakaita kune wako . . . kunyange kune wako . . . ukambundira mwanasikana wako muduku. Maona? Mwanasikana wako, zvisinei akaumbwa . . . munhukadzi uye iwe uri munhurume. Munoono, zvinogona kusika chimwe chinhu; asi Ikoko hazvikwanisike, hakuna chivi, chakapera zvachose. Maona? Zvemazvirokwazvo . . . Rudo chairwo, rwutsvene.

36 Zvino ndakatarisa mudzimai uyu. Paiva . . . zvairatidzika sokunge kwaiva nemamiriyoni avo ikoko, uye vose vaiva nevhudzi refu, nenguwo chena dzaisvika zasi. Zvino—zvino Uyu akanga ari kutaura neni, akati, “Hausi kumuziva here uyu?”

37 Ndikati, “Kwete.”

38 Ndokuti, “Aive nemakore makumi mapfumbamwe neanoraudzira pawakamutungamirira kunaKristu.”

39 “Nyasha dzinoshamisa, ruzha runotapira zvakadini.” Maona? Hapatongorina nzira yekutsanangura zvazviri.

Chingotorai shoko rangu kana muchinditenda. Iva nechokwadi chokuita . . . pisa zambuko rose renyika kumashure kwako.

⁴⁰ Ndinotenda kuti kereke yave kutanga kunzwa Mharidzo, nekutanga kunzwisisa. Asi, vashamwari, teerera, tinofanira kugara muHupo weMwanakomana, tinofanira kuibva. Kutenda kwedu—kwedu hakusati kwaibva. Mupfungwa tiri kunzwa Mharidzo iyo yatakapiwa naMwari, uye nokuona zviratidzo izvo zvaAkaturatidza, uye nokuzviratidza neBhaibheri, kuti zviripo, asi, o, kuti kereke inoda zvakadini kugara muHupo hwaKe kusvikira yanyevenuka, munoziva, uye igosvika pakutapira muMweya kuitira kuti igokwanisa kunyatsosinina ichidzika. Dzimwe nguwa mukutaura Mharidzo, unoita ukasha, unofanira kupamura saizvozo, nokuti unofanira kurova chipikiri kuitira kuti chibate. Asi kana Kereke yangoIbata, Vasanangurwa vanodanwirwa kunze vopatsanurwa, zvino muHupo hwaMwari, ndinoziva kuti zvichaita sokunge vanhu vakanga varipo painoenda muKubvutwa.

⁴¹ Ndanga ndiri kuzotaura mangwanani ano pamusoro pe *Kubvutwa*, asi handingorina inzwi rakakwana rekuti ndizviite, uye saka mongotsungirira neni kwechinguvana. Zvandiri kuda kutaura pamusoro pazvo, chidzidzo che: *Nzvimbo Yoga Yakapiwa NaMwari Yokunamatira*.

⁴² Zvino, chidzidzo chikuru kwazvo. Saka ngatinamatei zvino. Uye kwese munyika mangwanani ano, kwese kwamuri, kotamisai misoro yenyu kwenguva shomanani. Ivai makanyatsoperera zvino, tave kusvika paShoko raMwari, rinova Mwari mutsamba.

⁴³ Munyori Mukuru weBhuku iri, “IMbeu,” takadzidziswa, “iyo yakadyarwa nemukushi,” ndizvo zvakataurwa neMunyorori. Zvino, tinoziva kuti mbeu inokura kana iri muvhu rakafanira. Nokudaro, Baba, Mungabvisawo here mangwanani ano zvose minzwa nemafeso, nokusatenda, nepfungwa dzinotsoropodza kubva mumoyo yedu; kuitira kuti Shoko raMwari rigokura rakasununguka, richidziridzwa neMweya mumoyo yedu, kuti tigova vanhu vaMwari. Zviitei, Baba. Ndiyo moyo yedu. Kwete bedzi kwatiri isu takacherechedza izvi, asi dai pakava nevamwe munyika yose, mumwe nomumwe moyo wake uchitsva nerudo nehunoro, achaenda onoedza kuwana hama yakarasika, hanzvadzi yakarasika. Zviitei nhasi, Mwari. Takatarisira zvose kwaMuri, nokuti Muri Mutungamiri wedu naIshe wedu. Nokudaro tinsonamata kuti Mutitungamire muShoko reNyu nhasi, uye mugotipa maropafadzo eNyu. Kubudikidza nenyasha dzeNyu uye nemuZita reNyu tazvikumbira. Amen.

⁴⁴ Zvino, ngatitorei kuitira chidzidzo chedu. . . Ndinoda kuverenga kubva muBhuku raDeuteronomio, Testamente Yekare, kungorongwa kweMagwaro. Ndine zvinyorwa zvisihoma

zvandanyora nokukasika mushure mokunge ndabva pakudya kwemangwanani neHama Vayle.

⁴⁵ Handina kumbotenda murume anga ari uko kuhotera... nzvimbo yekudyira iya manheru aya, uyo akabhadharira svusvuro yedu—yedu yemanheru. Mudzimai neni nemusikana wangu muduku takanga tiri ikoko, zvino pandakaenda kunobhadhara chikwereti changu, mumwe munhu akanga achibhadhara. Angava ari ani hake, ndinokutendai. Akati, “Murume anga akagara kumapeto kwebhenji.” Ndizvozvo maiva neboka rose imomo revataiziva. Zvino, ini... zvimwe zvakaita seKickapoo, zvimwe zvakadaro, nzvimbo iri kunze uko, nzvimbo yekudyira kwatakanga tiri. Ndinotenda, angadai ari ani hake akazviita. Mumwe nomumwe wenyu, Mwari vakuropafadzei.

⁴⁶ Iye zvino, muchitsauko 16 chaDeuteronomio, kuchengetwa kwepasika. Saka tinoda kuverenga mavhesi mashoma okutanga, mavhesi okutanga mana kana mashanu, matanhatu pano.

Rangarira mwedzi waAbhibhi, uye uchengete paseka... (Zvinoreva “Kubvumbi.”)... JEHOVHA Mwari wako: nokuti nomwedzi waAbhibhi uyu JEHOVHA Mwari wako wakakubudisa panyika yeEgipita usiku.

Unofanira kubayira JEHOVHA Mwari wako paseka, yamakwai nemombe panzvimbo inotsaurwa naJEHOVHA kuti agarise zita rake... .

Uchadya chingwa chisina mbiriso machiri; mazuva manomwe auchadya, chingwa—chingwa chisina kuviriswa chokuti... nokuti wakabuda munyika yeEgipita nokukurumidza... kuti urangarire zu—zuva rawakabuda naro panyika yeEgipita mazuva ose oupenyu hwako.

Mazuva manomwe chingwa chine mbiriso hachitongofaniri... kuonekwa panyika yako yose; uye pasave nechinhu chenyama, yamunobayira pazuva rokutanga madekwana, haifaniri kutongosara usiku hwose kusvikira mangwana.

Hamufaniri kubayira paseka mukati merimwe remasuwo ako, aunopiwa naJEHOVHA Mwari wako:

Asi panzvimbo yakatsaurwa naJEHOVHA Mwari wako kuti agarise zita rakepo, ndipo paunofanira kubayira paseka madekwana, kana zuva rovira, pamwaka wawakabuda nawo kubva Egipita.

Zvino dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo.

⁴⁷ Zvino, ko maikirofoni ine ruzha here mairi? Manheru apfuura ndakanzwa kuti aive akadaro. Muri kunzwa here zvakanaka, kwese-kwese? Hamusi kunzwa. [Hama Branham vanogadzirisa maikirofoni—Mupepeti.] Zviri nani here? Izvi

zviri nani here, kutaura nemamaikorofoni ari pasi sezvizvi? Ndakati shoshomei zvishoma, nokudaro ndakamira pedyo mangwanani ano nokuda kwaizvozvo, uye ndine tariro yokuti Hama Pearry vanokwanisa—kwanisa kurinza kunze uko. Muri kurinza zvakanaka here zvino? Ndinofunga kuti vazvigadzirisa. Zvakanaka.

⁴⁸ Zvino, nzvi-. . .Chinhu chandiri kuda kutaura nezvacho mangwanani ano ndechokuti Mwari vane nzvimbo imwe chete bedzi iyo munamati anokwanisa kusangana naMwari, nzvimbo imwe chete bedzi. Nemumazera vakawanda vakatsvaka nzvimbo iyi yakavanda yaMwari, mumazera ose. Kunyange Jobho akanga achida kuziva kwaAnogara, “Dai ndaingokwanisa kuenda kuimba yaKe ndonogodza pamukova waKe.” Jobho aida kuwana nzvimbo yehugaro hwaMwari, nokuti ipapo Mwari nemhuri yaKe vanonamatwa pamwe chete.

⁴⁹ Sanezuro, mumharidzo yanezuro mangwanani, takaona kuti pane mukana wekuti munhu anonamata Mwari pasina, achinamata zvakaopera. Mwari vane zvinhu zvose izvi zvakagadzirirwa isu, asi zvazviri chaizvo ndezvokuti, tinofanira kutsvaka kuti tiwane pazviri. Pauro akataurira Timotio kuti atsvake, uye kuti a—ange ari mumwaka uye nekunze kwemwaka, akagadzirira kupa sho—sho—shoko kana . . . yetariro yakanga iri maari.

⁵⁰ Zvino, zvinhu zvose izvi zvirimo imomo. Uye tioona. . . Dzimwe nguva ndichada kuuya kuShreveport kwatinozongova nemavhiki kuda maviri kana matatu ekungotora maminiti makumi matatu pausiku hwega-hwega ekungodzidzisa, munoono, kungonyatsogara muShoko, zvikamu izvi zvakavanzika, munoono, umo matinokwanisa kuwana kuti tingapinda sei. Zvino imi ingotarisi, teverai kutungamira kwaMwari, panongori nekiyi imwe chete kumusowo wega-wega. Ndizvo chaizvo. Uye hapana imwe kiyi, hazvinei kuti inoratidzika zvakaopera naiyoyo zvakaopera, Mwari havana kiyi inokiyinura pose-pose; panongori nekiyi imwe chete. Uye zvino, unofanira kuve nekiyi iyoyi, kana kuti mukova haukiyinu. Zvisinei kuti wakaperera zvakaopera, hautombokwanisi kukiyinura mukova iwoyo.

⁵¹ Zvino, vangani vakanga vari pakudya kwamangwanani nezuro, mamwe mangwanani aya? Zvakanaka, ndinofunga kuti vakawanda vacho, kubvira pazvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana venyu imi, kana kudarika. Kuisa nheyo kune izvi, izvo zvandiri kuzotaura, Dhavhidhi akazodzwa kuva mambo (akazodzwa naMwari), mambo mukurusa uyo Israeri yakambove naye, kunze kwaIshe Jesu (anova Mwari) Uyo Muzodziwa. Dhavhidhi mwanakomana wake. . .kana kuti Jesu akanga ari Mwanakomana waDhavhidhi zviri maererano nedzinda, repanyama. Uye Ari kuzogara pachigaro choushe chaDhavhidhi

seuyo...nhaka, semu—muchinda nguva dzose anogara nhaka chigaro choushe cha—chamambo.

⁵² Cherechedzai, zvino, kuti Dhavhidhi akazodzwa, kunyange aine kuzodzwa kwaakaita, akabva pakuda kwaMwari aine chizoro ichocho; uye vanhu vose, nokusatora mafambiro eMagwaro kana kiyi yechizaruro ichi, vose zvavo vakazodzawo zvakare, vose zvavo, pamwe chete, vachidanidzira nokurumbidza Mwari pachinhu chaita sokunge chakafanira kwazvo: kudzosazve Shoko raMwari kuimba yaMwari. Asi Dhavhidhi akanga ari mambo, kwete muporofita. Maona? Iye...Paiva nemuporofita munyika wekuzviita naye, zvino Mwari vakaramba mafambiro ose nokuti havana kunge vashandisa kiyi yepo. Mukova hauna kukiyinuka. Uye zvino tinofanira kuzvirangarira, nokuzvichengeta mupfungwa. Pane...Zvinhu zvose zvaMwari, zvinoitwa nenzira imwe chete bedzi, zvatoringana. Zvino, ipapo, Mwari vaiva neimwe Chechi imwe chete yaVanosangana nevanhu mairi, uye Vanokugamuchira muChechi iyoyo uye kwete imwe chechi.

⁵³ Ndazvitaura nokuti kakawanda handina kunzwisiswa, uye vanhu vakandiudza...

Ndinoti, “Uri Mukristu here?”

“Ndiri muBaptisti.”

“Uri Mukristu here?”

“Ndiri muMethodisti.”

“Uri Mukristu here?”

“Ndiri muPentekosti.”

⁵⁴ Zvino, munoono, hapana chinhu chimwe chete chazvinoreva kunaMwari. Uri kungoedza nekiyi isiri iyo. Asi pane kiyi chaiyo yepo, pane imwe chete iyo Mwari...Mwari havana kumbovimbisa kusangana newe semuMethodisti, kana semuBaptisti, kana muPentekosti, kana rimwe sangano. Havatombocherechedzi masangano, anopesana naYe.

⁵⁵ PaMharidzo iya refu, ndichava naYo patabhenakeri munguva shoma inouya. Uye zvararo Hama Jack vanoziInzwa, zvino mozoona zvamungada kuita nezvaYo, nokuti Inenge yatepwa.

⁵⁶ Zvino, vanhu vanoita sokunge Mwari vanosungirwa kutongosangana navo pahwaro hwedzidzo yavo yebhaibheri. Zvino, vanhu vanoita saizvozvo. Havatombowadzani mumwe nomumwe. VeTrinity kana Pentekosti havawadzane neveOneness, kanawo veOneness havawadzane neveTrinity. MuMethodisti haadaro nemuBaptisti, nokuti mumwe ndewemurairo mumwe wacho maCalvinisti, nokudaro hapana kuwadzana zvachose. Uye vanomonyorora pfungwa dzevanhu zvakaipa kwazvo zvokuti vanetenge vopesana.

57 Ndakaenda kunonamata, pane imwe nguva yakapfuura, mukamuri yemuchipatara. Maiva nemumwe mudzimai imomo aive akararamo achirwara zvikuru, akanga achida kuzooparetwa, vaitarisira kuti aizofa. Mumwe mudzimai akanga akarara ipapo (Ndakadanwa kuti ndizomunamatira.), ndakati kwaari, “Mungaita basa nazvo here kwekanguva ndikanamata?”

58 Zvino iye ndokuti, “Dhonza keteni iro!”

59 Zvino ndikati, “Ndine urombo.” Ndikati, “Ndanga ndiri kuzokumbira munamoto.”

60 Mudzimai akati, “Dhonza keteni iro!”

61 Ndikati, “Hongu, amai.” Iye nemwanakomana wake akanga akagara ipapo, aine maratidzikiro amazuva ose a*Riki*. Zvino ini ndokuti, “Zvakanaka, hamusi Mukristu here?”

62 Mudzimai ndokuti, “Tiri maMethodisti!”

63 Ndokuti, “Zvakanaka, handina kukubvunzai izvozvo, ndakubvunzai kana muri ‘Mukristu.’” Maona?

64 Saka zvino akati, “Dhonza keteni iro!”

65 Munoono, nokuti mumwe munhu akanga asiri muMethodisti akanga ari kuzonamatira mumwe mudzimai akanga ari kufa, izvo zvaaivewo zvakare. Asi nokuti zvakanga zvisiri zvemusanganano rake, akanga asiri kana kuda kutombozvinzwa kana kuva nechokuita nazvo. Kana asiri muFarise, handisati ndambomuona!

66 Mirai kusvikira manzwa *Muhwezva WeNyoka*. Huh. Zvakanaka. Zvino, vanofunga zvino kuti sangano ravo roga ndiro rinonzwikwa naMwari: “Mwari havakunzwe kunze kwekunge uri muMethodisti, kana muBaptisti, kana muTriniti, kana muOneness,” kana zvimwewo zvakadaro. Zvakatsveyama!

67 Uye ndicho chinangwa changu; asi kana paine chi—chishuwo chakadaro mupfungwa nemumoyo yevanhu chokuve vakarurama. . . Handitendi kuti mudzimai akazviita nokuti. . . kana mumwewo munhu. MuMethodisti haangangosimuki omiririra chechi yeMethodisti nokuti a—anoziva kuti yakatsauka. Munhu iyeye anototenda kuti iri pachokwadi. Handitendi muTriniti anopomera muOneness, kana muOneness muTriniti nemuPentekosti, nokuti anongoda kuve akasiyana, anofunga kuti ari pachokwadi. Uye unofanira kuremekedza pfungwa yake. Munoziva, gumbeze rinotambanuka mativi ose maviri. Asi, rangarirai, mune zvole izvozvo, kana paine chinhu mumoyo wemurume kana mumoyo wemudzimai zवानotenda kuti “ndizvo chaizvo,” zvararo panofanira kuve nepamwe pazvakanaka. Sezvandinowanzotaura, “Kana pakadzika pachidana pakadzika, panofanira kuve nepakadzika panodavira pakudana uku.”

⁶⁸ Munoziva, takaudzwa kuti—kuti mhuka yemugungwa inenge mbiti yaimbofamba pa—pamahombekombe egungwa, nemakumbo. Asi iye zvino haichisina makumbo, akashanduka ndokubva ava zvokushambirisa nokuti yaikwanisa. . . yakange ichida zvokushambirisa payakatama kubva panyika, mhuka inomera makushe, yakaenda mugungwa; zvmasikirwo zvakaigadzirira zvokushambirisa panzvimbo yemakumbo, nokuti yakanga yave kushambira kudarika zvayaiita ichifamba.

⁶⁹ Handisi kukwanisa kufunga murume mukuru uyu zvino akaenda kuSouth Pole. Zita rake rainzi ani? Byrd. Vanoti akanga aine majasi akanga agadzirirwa mombe, parwendo urwu; mombe dzaakanga atora kuitira mukaka. Zvino akagadzira majasi emvere kuitira kuti mombe dzisafe nekutonhorwa nechando. Asi paakavika ikoko, dzakange dzisisade majasi emvere, masikirwe akanga ameresa rimwe. Maona? Sei? Pasati pava nezenze pamusana wehove, paifanira kuva nemvura yekuti ishambire mairi kana kuti hayaizombova nezenze. Ipapo. . . Pasati pava nemuti waikura panyika, paifanira kutanga pava nyenika yekuti ukurire pairi, kana kuti hapaizombova nemuti.

⁷⁰ Saka, muri kuona, kana paine bedzi chimwe chinhu chiri mumoyo wemunhu chiri kudana chimwe chinhu, panofanira kunge paine chimwe chinhu kunze uko chinodaira, kuti chigutse kudana uku.

⁷¹ Mumwe mudzimai. . . Tsvagurudzo yechikonzero cherufu pachitunha yakaitwa kuno nguva yakapfuura pane mumwe mudzimai akanga afa. Zvino chikonzero, va—vanoti, chakamuuraya, aigara achidya hanyanisi, nguva dzose. Kana asiri kudya hanyanisi, musoro wake waivava, nezvimwe zvose; vakashaya kuti chii. Saka pavakaita ongororo iyi, vakawana bundu raive mumudzimai uyu reimwe mhando yezvizenga; vaiva nezi—zita raro. Zvino vaigona kutora bundu irori voriiisa muzindiro rehanyanisi, zvino rakanyungudutsa hanyanisi iyi pahusiku hwese. Maona? Chaiva chii? Chaiva chinhu chaive mumudzimai chaidanira hanyanisi, uye dai pakanga pasina hanyanisi pangadai pasina bundu.

⁷² Nemamwe mashoko, panofanira kuva neMusiki kutanga, pasati pava nezvisikwa. Maona?

⁷³ Zvino, kana mumoyo memunhu muine chishuwo, seMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, Katorike, mamwe ose aya, ari kuedza kuwana nzira iyi yechokwadi imwe chete, uye vanoudzwa nevaprisita nevafudzi vavo, nevamwe vakadaro, kuti “Ino ndiyo nzira yechokwadi.” Vanoti, muprisita anoti, “Hakuna ruponiso kunze kwekereke yeKatorike.”

⁷⁴ Zvakanaka, chechi yoga-yoga inotora zvayo. . . pfungwa dzavo pachavo. Vamwe vavo havazvibvume, asi vanozviita nemabasa avo. Maitiro ako anotaura zvinodarika shoko rako. Zvinongori. . . Nedzimwe nguva, vanongori

munyengeri kudarika izvo zviri muKatorike. Mukatorike anonyatsozvipupura pachena, “Ndinotenda kuti ichi ndicho chinhu choga,” asi havazviiti izvozvo. Vanozvivanza, asi maitiro avo anoratidza zvavari kufunga. Maona?

⁷⁵ Zvino, panofanira zvino kuva nenzvimbo imwe chete, nokuti pane chishuwo chiri mumoyo wemunhu chekuIwana. Uye ndinofunga kuti Shoko raMwari rine mhinduro yezvinhu zvose zvatinoda. Saka Mwari vane mhinduro, zvino ngatiitsvakei muMagwaro zvino. Uyezve kana Mwari vakatiratidza neMagwaro nzvimbo yoga iyi, nzvimbo yoga, (sangano roga, kana zviri izvo), nzira yoga iyo Mwari yavanosangana nemunhu, zvadaro tinofanira kubatirira kune izvozvo nokuti tawana Chokwadi chemuBhaibheri, zvaRinotaura.

⁷⁶ Zvino, shoko rokuti *Deuteronomio*, shoko pachezvaro rinoreva “mirairo miviri,” shoko rokuti *Deuteronomio*. Uye Mwari vane mirairo miviri. Mirairo miviri: mumwe wacho kusateerera Shoko, zvino wofa; uye mumwe wacho kuteerera Shoko, uye ugorarama. Ndiyo mirairo miviri, uye Deuteronomio inoreva mirairo iyi miviri. Iri miviri yakaratidzwa kwatiri muMagwaro. Mumwe wacho rufu, mumwe wacho Hupenyu; Hupenyu nerufu. Mwari vanoshanda bedzi muHupenyu, Satani bedzi murufu. Uye iyi yakaratidzwa kunyika paruzhinji, pachena pamberi pemeso ose, uye hapana pembedzo kwatiri. Mumwe wacho, wakararatidzwa paGomo reSinai pakapiwa murairo, uyo wakapomera rudzi rwe rwewanhu kurufu; mumwe wacho wakapiwa paGomo reKarivhari, ukaunza rudzi rwe rwewanhu kuHupenyu, apo murango wakabhadharwa munaJesu Kristu. Mirairo miviri yaDeuteronomio yakazadzikiswa muzvinhu izvi zviviri, zvikuru.

⁷⁷ Ndinoda kuti mucherechedze zvakare, paiva nesungano mbiri dzakapiwa. Imwe sungano yakapiwa kunaAdhama, iyo yaiva nezvirango, semurairo: “*Kana* ukasabata zvakati, zvino unorarama; asi *kana* ukabata zvakati, unofa.” Iwoyo waiva murairo. Uyezve paiva nemumwe murairo wakapiwa kunaAbrahama, waiva wenyasha, usina zvirango: “Ndakuponesa iwe pamwe chete nembeu yako inouya shure kwako.” Amen! Uyu mufananidzo weKarivhari, kwete mufananidzo we—we—wesungano yaAdhama, isungano yaAbrahama.

⁷⁸ Asi zvino tinoMunzwa achiti pane nzvimbo imwe chete bedzi paAnosangana nemunhu kuti anamate. Tazviverenga muno mundima yataverenga. Tichataura nezvazvo, zvakare, mumaminitsi mashoma.

⁷⁹ Zvino kana paine nzvimbo imwe chete iyo Mwari vanosangana nemunhu, tinofanira kunyatsongwarira. Zvino ngatiisei parutivi tsika dzedu mangwanani ano, uye...

muchidzidzo chino cheSunday school, uye togova nechokwadi chokuti tawana nzvimbo imwe chete iyi. Nokuti, Mwari vakataura pano kuti, haVakugamuchire pane imwe nzvimbo. Imwe hayo chechi, haVakugamuchire imomo. Bedzi muChechi yaVo, nzvimbo yoga yaVanokugamuchira.

⁸⁰ Zvino, “Munoti kudini, Hama Branham? Kana ndakaperera?” Kwete.

⁸¹ Rangarira, Jesu akataura nevamwe vanhu vaive vakaperera, vanamati wemuzuva raKe, zvino Akati, “MunoNdinamata pasina.” Kunamata kwechokwadi, chaiko kunobva pakadzika pemoyo yavo. “MunoNdinamata pasina, muchidzidzisa sedzidziso mirairo yevanhu,” kana kuti dzidziso yesangano ravo yebhaibheri. Vakaperera, mukuremekedza, vari vanamati sokukwanisa kwavo kwese. Uye izvozvo zvakanga zvisiri zvitsva sekunge zvakangotanga nevaFarise. Kaini naAbheri, vanamati vaviri vokutanga vakaberekwa, panyama pano, panyika, zvirokwazvo vakauya nemaonero mamwe chetewo.

⁸² Kaini aingova munamati sezvakanga zvakangoitawo Abheri. Vari vaviri vakavaka maartari. Vari vaviri vaida Mwari. Vari vaviri vakapa zvibairo. Vari vaviri vakanamata. Vari vaviri vakabhadhara chegumi. Vari vaviri vakaita zvinhu zvakangofanana. Asi Abheri, *nokutenda* kunova “chizaruro,” Shoko raMwari rakazarurwa, rakaiswa pachena, rakaratidzwa, nokusimbiswa. Girori! Kaini akapa chibairo, asi Mwari havana kuchisimbisa. Mwari vaida kunamatwa, zvino Kaini akapa chibairo, asi Mwari havana kuchisimbisa. Asi negwara remazvirokwazvo. . .

⁸³ Unoti, “Zvakanaka, chechi yangu ndiyo chaiYo. Yangu. . .”

⁸⁴ Ingomira zvishoma. Mwari vanoZvidudzirira Shoko raVo nenzira yaRo yaVakataura nayo. Munoono, Kaini akati, “Ndiri munamati. Ndiri uyo anoda Musiki wake. Ndinopa kwaMuri artari yakanaka kwazvo iyi. Ndinopa kwaMuri chibairo ichi. Ndakavaka zvinhu zvose izvi, Ishe, nokuti ndinokudai.” Abheri akataura zvinhu zvimwe chetezvo. Zvino ndeuyo akasimbiswa, anova iye akaratidzwa. Uye Mwari vakadzika vakagamuchira chibairo chaAbheri, nokuti nechizaruro akanga apinda mugwara chairo raMwari rakagamuchirwa.

⁸⁵ Zvino tarirai mweya waKaini uchiuya uchinyatsodzika nemuMagwaro, uchienda kusvika pazuva rino rokupedzisira. Zvepakutanga? Aingova nezvepakutanga zvakafanana nezvemumwe wacho.

⁸⁶ Tarirai muporofita Bharamu nemuporofita Mosesi. Vose vari vaviri vaine maartari manomwe, maartari aJehovha, paine ropa pane rimwe nerimwe; uye kwete izvozvo zvoga, asi makondohwe pane rimwe nerimwe. Pane zvekuverenga manhamba, nhamba chaiyo yaidikanwa, *nomwe*, “yakakwana,” makondohwe manomwe. Chaizvo zvakafanana, maartari maviri.

Maitiro ezvepakutanga zvakaita mumwe, ndizvo zvakanga zvakaitwawo nemumwe. Asi ndiyani akasimbiswa naMwari? Maona? Maona? Uyo akanga ari muShoko raVo. Mamiriro ezvepakutanga haana zvikuru zvaanoreva; chizaruro chaMwari.

⁸⁷ Zvino fungai! Varume ava, sei vakadanwa uye ndokuiswa muchinhano ichi (vaFarise ava) naJesu, ndokuti, “MunoNdinamata pasina”? KuMunamata: kunamata kwechokwadi, kunamata kwechokwadi kunobva mumoyo yavo. “Imi. . . MunoNdinamata pasina.” Sei? Kudzidzisa sedzidziso tsika dzavo dzevanhu. “Nokudaro munoita mirairo yaMwari kuti ishaye simba kuvanhu.”

⁸⁸ Kana ndikakudzidzisa mharidzo yeMethodisti, hapana chainoita kwauri, ino inguva yeMwenga. Dai Mosesi akadzidzisa mharidzo yaNowa, hapana zvayaiita. Dai Jesu akadzidzisa mharidzo yaMosesi, hapana zvayaiita. Nokuti mbeu dzakatemerwa dzakarara ipapo idzo dzinongodiridzwa nemhando iyoyo yemvura yakapiwa kuitira mbeu iyoyo. Maona? Haikure mune chimwe hacho chinhano. Anofanira kunge ari mamiriro anoikudza.

⁸⁹ Zvino, unokwanisa kutora zai rehuku woriisa muchirindiriro, iro rinofanira kunge riri pasi pehuku, asi rinochechenya zvakadaro. Riise pasi pekambwanana rinochechenya. Kudziya, ndiwo mamiriro anoita kuti richechenye. Saka rinofanira kunge riri pasi pemamwe mamiriro. Unokwanisa kutora zai benyu rakanaka woriisa pasi pehuku yakafa, harichechenye. Maona? Munoono, mamiriro acho.

⁹⁰ Zvakanaka, ndizvo zvazviri muzera rino ratiri kurarama mariri, unofanira kuwana kuti ndeipi nzira yaMwari yekuzviita nayo yemuzera rino. Ndiyo yakawanikwa naMartin Luther, ndiyo yakawanikwa naJohn Wesley, ndiyo yakawanikwa nemaPentekosti muzera ravo. Zera raMwari nenguva yekuzviita.

⁹¹ Zvino, maPentekosti. Hama iya, imwe. . . ndinotenda rake. . . rimwe remaziso ake rakanga rakabva, hama yechitema yakanyatsotanga mharidzo yePentekosti muCalifornia, Azusa Street yakare. Akasekwa, nokuti aiva munhu mutema. Vakaita jee naye, asi akaunza mharidzo yezera iroro. Aingori mukomana muduku, muchinda akanga asingakwanise kana kusaina zita rake, asi Ishe vakanga vazarura kwaari kuti iroro ndiro raive zera rekudzoreredzwa kwezvipo zviya, uye zvakauya. Zvisinei kuti *chii* chakataurwa, zvakauya. Asi munhu wese akapinda mumweya wacho, uye ndokuona kuti ndiro raiva zera racho, uye ndokuona Mwari vachisimbisa kuti vanhu ava vaikwanisa kutaura nendimi, nezvakadaro, zvikaitika. Asi zvino paakaenda mberi ndokurovedzera kuti “ichi ndicho chiratidzo choga,” zvakaiuraya. Maona? Anoenderera mberi, munoono. Ndizvo

zvazviita. Zvino vakatanga kupatsanura *izvi*, *izvo*, uye nokugadzira masangano; zvino mumwe ari kuuya negore, mumwe ari kuuya nechikwenzi. Uye o, ini zvangu, hezvoka izvo kwazvinoenda.

⁹² Ndizvo zvinoitwa nemasangano. Maona? Mwari havasi muvambi wemasangano, nokuti sangano iBhabhironi, uye haAsi muvambi wenyonganyonga. Tinomuona wese... Hazvidi kuti unge uri nyanjere kuti uzvione. IBhabhironi! Maona? Tsika (pafungei ipapo), vanhu vakaperera. Zvino, zvisinei, nokuti vanotenda izvozvo, pachiri kufanira kuva nenzvimbo imwe chete pokusangana naMwari.

⁹³ Zvino cherechedzai ndima 2. “Namatira panzvimbo yaNdakasarudza.” Chibairo, zvirokwazvo, apo pavainamata pamusoro pechibairo. “Nzvimbo iyo yaNdakasarudza; kwete yawakasarudza, yakasarudzwa nemunhu. Asi yaNdakasarudza, iwe namatira panzvimbo iyoyi.” Ipapo zvinoratidza kuti panongori nenzvimbo imwe chete, dzimwe hadzina basa. Haifanire kunge iri sarudzo *yako*, asi inofanira kunge iri sarudzo yaKe.

⁹⁴ “Saka, handisungirwe kuenda kuchechi.” Kana, “Haunyatsofungi zvakakwana! Sei, unotoita gakava nemadzimai pamusoro pekuparidza, uye...kana madzimai pamusoro pekugera vhudzi ravo, nevarume pamusoro pezvime zvinhu izvi. Sei, haunyatsofungi zvakakwana!”

⁹⁵ Zvakanaka, hausungirwe kutora nzira yaMwari pamusoro pazvo, iwe chienda ikoko, kwavanoita zvakadaro. Maona? Uye uchazooka kuti zviri muMagwaro, saka, “VanoNdinamata pasina.” Jesu akataura pamusoro pechinhu chimwe chete. Maona?

⁹⁶ Kuti chinyorwa chose chidukusa, zvose, unofanira kunge wakatendeka mazviri. Zvinogara nguva dzose muzambiringa muduku—muduku, kagava kaduku—kaduku ndiko kanokanganisa muzambiringa. Dzimwe nguva unosiya... Handi zvinhu zvikuru zvaunoiita, zvinhu zviduku zvaunosiya zvisina kuitwa. Rangarirai, ngetani yakasimbisisa pachopane hutera. “Vakaropafadzwa avo vanoita *yose* mirairo yaMwari, kuti vagova nekodzero yokupinda mukati.” Ita *zvose* zvakataurwa naMwari, uye Rakati kumadzimai anofanira kuva nevhudzi refu.

⁹⁷ Iwe unoti...Mumwe murume akandiudza nguva shoma yapfuura, akati, “Handiparidze evhangeri ine chekuita nemapfekero.”

⁹⁸ Ndikati, “Zvino hausi kuparidza Evhangeri.” Hongu.

⁹⁹ Mwari vakazviisa imomo, Vakataura zvinofanira kuitwa. Zvinoireva kuti uchatozviita...Ndicho chinhu chako chepanyama, chakafanira. Chero chinhu chiduku...chii...chiduku chisingacherechedzwi. Jesu akati, “Vakaropafadzwa

avo vanotora zvinhu zvose zviduku, nokuita zvinhu zviduku.” Uye mudzimai kurega vhudzi rake richikura, zvinongori izvo . . . handiti, chinongori chimwe chinhu *iy*e chaanokwanisa kuita, asi haatombozviiti. Haatombozviiti.

¹⁰⁰ “O, tidzidzisei zvinhu zvikuru kwazvo.”

¹⁰¹ Ko ungaridzidzise sei zvinhu zvikuru, apo musiri kuita zvacho zviri nyore, zvinhu zvamazuva ose? Nokuti, munoona, chinangwa chenyu nevavariro yenyu zvakatsveyama.

¹⁰² Rudo rwako kuna Mwari, “Ishe, handina basa kuti Muri kuda kuti ndiitei, ndinotoda kuzviita.” Zvadaro pane kwawave kusvika, asi kana ukasazviita nenzira iyoyo, nzira ya Akati uite nayo . . .

¹⁰³ Isarudzo ya Ke, “Nzvimbo ya Ndakasarudza.” Ndipo paunonamatira nechibairo chako.

¹⁰⁴ Unoisa . . . Kaini akaunza chibairo chake, Abheri akaunza chake, zvinoenderana nenzvimbo yaunopinda nacho. Kana ukaenda nacho kunzvimbo ya Akasarudza, zvinenge zvakanaka, Anochigamuchira; kana isiri iyo, haVachigamuchire. Handina basa . . . chibairo chimwe chete, chingave chiri chii, zvakadaro ha . . . chinorambwa, kunze kwekunge chaunzwa panzvimbo iyoyo imwe chete.

¹⁰⁵ Zvino tinoda kuona uko kwatinoda kuunza chibairo ichi. Tinogona kuona . . . Tose tinoda kuenda Kudenga. Handizvo? Uye tose tinoziva kuti takakanganisa. Tose tinotenda kuti Jesu ndiye Chibairo. Zvino tinoda kuziva kwatinoenda naYe, chinozo—chinzogamuchirwa. Maona? Ndizvo chaizvo. Bhaibheri rinotitaurira kwekuenda nacho, munoona, zvino chinogamuchirwa; kunze kwaipapo, hachigamuchirwe.

¹⁰⁶ Ngaticherechedzei pano zvakare nzvimbo ya Akasarudza yekuisa chibairo, nzvimbo ya Akasarudza yokuisa chibairo. Haukwanise kuchiisa pane mamwe ose aya masuwo; asi panzvimbo ya Akasarudza kuchiisa, Akaisawo zvakare Zita raKe panzvimbo iyoyo. Ndizvo zvaAtaura pano. Akasarudza kuisa Zita raKe ipapo. Zvino ngatitsvakei Magwaro enzvimbo iyi, nokuti ndiyo nzvimbo ya Akaisa Zita raKe.

¹⁰⁷ Zvino ngativerengei kubva pagwaro rataverenga. Uye ndanga ndiine chinyorwa chiduku chakaradzikwa pano chandanga . . . mangwanani ano, chauya kwandiri. Ngatitorei ndima 2 yechitsauko ichi. Zvino, handisi kuda kugara nguva yakareba, nokuda kwevanhu, vari pamubatanidzwa wemafoni kunze uko. Zvino ndima 2 yechitsauko 16 ichi:

*Unofanira kubayira JEHOVHA Mwari wako paseka,
yamakwai nemombe, panzvimbo inotsaurwa naJEHOVHA
kuti agoisa zita rakepo.*

¹⁰⁸ Zvino, haukwanise kutora izvi . . . kuperera kwako nezvose zvaunoda kupupura, haukwanise kungozvitora kuenda kuartari

yeMethodisti, kuartari yeBaptisti, kuartari yePentekosti, asi pane artari pane imwe nzvimbo yaAkasarudza kuti iYe. . .kuti aise Zita raKe mairi, uye Anozosangana newe panzvimbo iyoyo. Zvino, kana ukaita kuti zvinhu zvose zvfambe zvakanaka, zvichazofamba; zvinhu zvose zvakaiswa muhurongwa. Kana paine pakabatana waya dzemagetsi, getsi iroro haribatire; nokuti hakuuye magetsi. Zvino kana ukatora rimwe remaShoko aMwari kana imwe yenzvimbo dzaKe, zvino iwe mumoyo mako uine zvinangwa zveundini, zvinotadzisa simba raMwari kufamba pakare ipapo. Kana ukazviita nokuti unoda kunge wakangwara, unoda kunge wakasiyana nemumwe munhu, kana chimwe chinhu, pakare ipapo simba harifambe, zvinoputitsa fiuzi. Uri kukanganisa. Unofanira kuuya nokuperera, nemoyo wako wese. Vavariro dzako nezvinangwa zvako, wonyatsozviisa panaMwari. Zvino wochitsvaka nzvimbo yaKe, woona paAkataura, zvino wochiunza ipapo. Maona?

¹⁰⁹ Tarirai kuna Marta naMaria. Apo Jesu akanga adzoka, mushure mokunge Avadzidzisa Evhangeri iyi (Chiedza chezuva raKe, Iye ari Mhesia), Akavengwa, akarambwa. O, vaFarise nemachechi vakaMuzvidza. Asi Razaro akanga afa, hanzvadzi yavo yakanga iri shamwari yepamoyo kwaAri. Akamurega arerepo; uye vakaMudana, haAna kana kumbouya.

¹¹⁰ Asi tarirai Marta, maonero ake. Akati, “Ishe, dai Manga muri pano.” AkaMupa dunhurirwa raKe chairo: Ishe, vara guru I-s-h-e, *Yahweh*, Jehovha. Girori! “Dai Manga muri pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa.” Hupenyu nerufu hazvigone kuwadzana panzvimbo imwe chete, kana muimba imwe chete. “Mungadai. . .Angadai asina kufa.”

¹¹¹ Jesu akati kwaari, “Ndini rumuko neHupenyu,” Mwari vakadaro. Maona? PaAkati, kutanga, “Hanzvadzi yako ichararama zvakare.”

¹¹² Iye akati, “Hongu, Ishe, ndinonyatsozvitenda. Semudzimai wechiJudha, ndinotenda kuti pachava nerumuko rwewese akafa; uye ndinotenda kuti hanzvadzi yangu yakanga yakatendeka nokuperera pakunamata. Uye ndinotenda kuti Ndimi Mhesia uya, akataurwa muBhaibheri, nokuti kusimbisa kwaMwari Shoko raVo maMuri zvinoratidza kuti ndiMi Mutumwa wenguva ino. Ndimi Mhesia wacho. Ndinotenda kuti ndiMi Kristu uya akanga ari kuuya, nokuti mabasa eNyu anopupura kuti Mwari vakaKutumai kuno kuzova Mhesia wacho.” O, ini zvangu! Tarisai mavhiri emuchina ave kupinda panzvimbo zvino. Maona?

¹¹³ Zvino, akanga aine kodzero yokuti ati, “Sei Musina kuuya kuzomutsa hanzvadzi yangu? Sei Musina kumupodza? Makapodza vamwe. Shamwari yenyu chaiyo yepamoyo, zvino chionai zvakaitika.” Kwete, kwete, chinangwa chakadaro hachina kwachinosvika.

114 “Ndinotenda kuti Muri chaizvo izvo zvaMunoratidzwa muMagwaro kuti muri. Ndinotenda kuti rino ndiro zuva iro Mhesia anofanira kuuya; tanga takaritarisira. Handina basa kuti vamwe vose vanoti kudini. Ndinotenda nemoyo wangu wose, nokuda kwezvandakaona pamwe nokunzwa neShoko, kuti Shoko riri kusimbiswa maMuri, uye kuti ndiMi Mhesia wacho.” Munoono, pakadzika-dzika maari, a—akanga aine chimwe chinhu chokukumbira, asi aifanira kuuya kugwara chairo.

115 Ko dai akamhanya ikoko zvino osvikoti, “Zvino Munondiudza kuti Muri Mhesia wacho! Uye kana kumbovawo netsika dzakanaka, hunhu hwakanaka hwekupindura chikumbiro chedu; apa taiKupai chokudya uye nokugara neMi mumba medu, nezvimwe zvose, uye nokuKumiririrai, uye takasiya machechi edu, sokutiraira kwaMakaita kuti tibude mumasangano.” Maona? “Zvino hezvinoi takarisiya, uye zvino tave kuonekwa sevatsauki nevapanduki. Uye zvose zvatakaKuitirai, zvino ndokushaiwa kana hunhu hwakanaka hwekupindura pakudana kwangu?” Zvino, zvirokwazvo, aiva nemaruramiro acho.

116 Sezvamunotaura pamusoro pevhudzi renyu pfupi, “Ndiri chizvarwa chemuAmerica. Ndinogona kupfeka zvikabudura, ndinogona kuita chose chandinoda, chisingatyore mutemo.” Ikodzero dzako, asi gwai rinorasikirwa nekodzero dzaro. Uh-huh. Kana uri gwayana, hapana chauinacho kunze kwemakushe, rinorasikirwa nawo. Ikodzero dzaro dzarakapiwa naMwari, asi rinorasikirwa nawo.

117 “Ndine kodzero yekujoinha chero haro sangano.” Ndizvozvo chaizvo, asi unorasikirwa naizvozvo. Maona?

118 Mudzimai anorasikirwa nezvose zvaane kodzero kwazviri, kuti acherechedze Shoko raMwari riri kuratidzwa ipo pamberi pake chaipo.

119 Akati, “Ndini rumuko neHupenyu. Uyo anotenda maNdiri, kunyange akafa, asi achararama. Ani naani anorarama uye achitenda maNdiri haazofi. Unozvitenda here izvi?” Muri kuona, pakanga paine chimweze chirevo chaakanga asati apinda mugwara rimwe chete nacho. Maona?

120 “Hongu, Ishe! Ndinotenda kuti Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu!” O hama, zvinhu zvose zvakanga zvagadzirira kuchibatira moto pakare ipapo. Maona?

121 “Mamuisa kupi?” Maona? Uye munoziva zvakaitika.

122 Munoono, unofanira kutanga wapinda panzvimbo chaiyo Asati agamuchira chibairo chako. Munoono, unofanira kupinda mairi. Tarirai.

...munzvimbo iyo JEHOVHA achasarudza kuisa zita rake mairi.

Hauzodyi chingwa chine mbiriso mairi; . . .

¹²³ Chii chazvinofananidzira muchibairo? Usachisanganise nechitendwa chipi hacho, chinofanira kuva Shoko. “*Kwete chingwa chine mbiriso.*” Mbiriso ndiyo... Munoziva kuti mbiriso chii mune chinhu chipi hacho. “Mbiriso shoma inovirisa bundu rose,” bundu rose ndiwo Mutumbi. Haukwanise kuisa kachimedu kadukusa kesangano kana chitendwa munaKristu. Kwete, changamire, hazvishande.

¹²⁴ Munorangarira mharidzo yemanheru eChina chapfuura? Murume wako wakare anofanira kufa. Ndizvozvo. Murume wako mutsva iShoko.

...mazuva manomwe uchidya chingwa chisina mbiriso imomo,...

¹²⁵ “*Mazuva manomwe,*” chii chazvinofananidzira? Mazera Manomwe eKereke azere, mazuva manomwe. Sei vaifanira kuchidya mazuva manomwe? Vasati vadini? Vasati vabuda. Uye zera rose rekereke, kubvira pakutanga kusvikira kumagumo, rinofanira kungorarama bedzi Shoko raMwari rezera iroro. Saka chitendwa chenyu chechiRoma, Methodisti, Baptisti, nechitendwa chePentekosti zvose zvakafa.

¹²⁶ Zvino tarirai.

...imomo, ndicho chingwa chokutambudzika;...

Kutambudzwa nokuda kwaCho; Luther, Wesley, maPentekosti; vose vakatambudzwa, uye nemiwo.

...nokuti wakabuda panyika yeEgipita nokukurumidza:...kuti ugarire zuva iro...kuti urangarire zuva rawakabuda naro panyika yeEgipita mazuva ose ohupenyu hwako.

Mazuva manomwe chingwa chine mbiriso... hachifanire kuonekwa panyika yako yose;...

¹²⁷ MuMwenga waKristu wakanaka, mushure mokufa kwaKe muMazera eRima kubudikidza nehumambo hweRoma, kuti Waifanira kufa, “Kunze kwekunge tsanga yegorosi yawira muvhu.” Chikomba chaifanira kuuya, Humhizha hwakakwana hwaMwari. Imi mose makanzwa mharidzo yangu yeizvozvo.

¹²⁸ Zvino ndakamira zasi ikoko, Los Angeles, paForest Lawn, rimwe zuva, zvino moyo wangu wakasvetuka. Vangani vakamboenda kuForest Lawn? Pane...chivezwa chaMosesi chakaitwa na—chakaitwa na...-angelo, ndinotenda kuti ndiMichelangelo. Uye chivezwa chakakwana, pane zvose kunze kwepaibvi rekurudyi; pane kagomba kakadzika zvingaita hafu yeinchi. Zvino mutungamiri...Ndakanga ndakatarisa, zvino akapanongedzera kwandiri. Akati, “Michelangelo akanga apedza hupenyu hwake hwese achiedza ku—kugadzira... Akanga ari muvezi wematombo, zvino akanga ari kuedza kugadzira chivezwa chaMosesi. Seri kwepfungwa dzake, akanga aine mupfungwa dzake izvo zvaifanira kunge zvakaita

Mosesi. Aive nazvo mumoyo make, kuti Mosesi aifanira kuratidzika sei. Zvino akapedza hupenyu hwake hwose; akabvisa zvishoma nechiziri pano, opukuta, odzoka shure omira akautarisa. Gore negore negore, akashanda pauri. Pakupedzisira pachakanga chapera, zvino akadzoka shure ndokuisa pasi chidhende nenyundo yake, ndokutarisa chivezwa. Chakanga chakanyatsokwana chiri mufananidzo waMosesi uyo waaiva nawo mumoyo make, kusvikira akavhiringika pfungwa, akatora nyundo ndokuchirova, ndokudanidzira, “Taura!” Unonzi *Humhizha hwaMichelangelo*. Chimwe chinhu chiya chikuru chaiva chivezwa ichi, chiratidzo chiya chaakanga ainacho chezvaifanira kunge zvakaita Mosesi, chaingoratidza mumufananidzo Mwari Baba vakuru.

¹²⁹ Vakanga vaine mumoyo maVo, nyika isati yavambwa, Mwanakomana, nokuti Ivo ndiBaba. Asi zvakanga zvichiri muzvizenga zveShoko raVo. Zvino Vakasika munhu, uye Vakanga vakamupa kodzero dzekuzvisarudzira, asi munhu iyeye akawa. Asi Muvezi mukuru, Mwari, vakaumba munhu kubva muguruva renyika, haVana kugutsikana naizvozvo, Vakatangana kugadzira munhu zvakare. Uye Vakagadzira Nowa, akafa akadhakwa. Vakagadzira Mosesi akakundika kuchengeta Shoko raVo. Vakagadzira vaporofita vakatiza munguva dzematambudziko. Zvino Vakaramba vachivaka pamwe nokuumba kusvikira mushure mechinguva Vakange vave kuda hu—humhizha, kuti huVaratidze, hunhu hwaVo, izvo zvakanga zviri mumoyo mavo zvokuti mwanakomana anofanira kunge akaita sei.

¹³⁰ Rimwe zuva, zasi paJorodhani, mushure mokunge Humhizha uhu hwaumbwa uye hwaagadzirwa, heunoi Achiuya achituma zvichidzika ari...pamapapiro eNjiva, ndokuti, “Ndiye Uyu!” Vakanyatsofadzwa zvikuru neHumhizha uhu kusvikira VakaMurova paKarivhari, kuti Agofa, kuitira isu tose takanga tisina kukwana; kuti kubudikidza nekudeurwa kweRopa rake, Anozounza humhizha hwakawanda (uri Mwenga) kuMwanakomana waVo. Humhizha wakakuvadzwa nokuda kweshungu dzaMwari dzekuona Humhizha hwakadai, VakaMurova kuitira isu tose. Maona? Ipapo Akafa, kukwanisa isu takanga tisina kukwana. Humhizha.

¹³¹ Cherechedzai umu pano. Akati:

... *mazuwa manomwe* muchadya chingwa ichi chisina
mbiriso...

¹³² Zvino, chingwa chinofananidzirwa. Jesu akati, “Munhu haangarame nechingwa choga, asi nerimwe-nerimwe reShoko.” Kwete bedzi—bedzi Shoko rimwe chete pano neapo seizvo masangano anoda kuti muRitende. Asi Shoko raMwari rakakwana! NdiMwari pachaVo vari muchimiro chetsamba, inonzi “Mbeu.” Uye mhando chaiyo yokutenda kusina

kusvibiswa muShoko iroro kunounza Mbeu iyi kuHupenyu hwayo.

¹³³ Ndizvo chaizvo zvamunoona pausiku mukunzvera zvakavanzika, uye nezvimwe zvinhu zvose izvi, nokuti ivimbiso yakaitwa naMwari. Uye Vakamira neni vakandiudza izvozvo, uye ndokundiudza kuti ava “vatevedzeri vachasimuka, asi iwe ramba wakamira.” NdinoZvitenda. Uye hakuna vavariro ine undini, kurwadzisa mumwe munhu, asi kuva neruremekedzo kunaMwari uye nokuita basa raVakandidanira kuti ndiite, ndicho chikonzero ndichitaura zvinhu izvi. Uye Mwari vanozvisimbisa, uye nokugamuchira mupiro nechibairo, nokusimbisa kuti iChokwadi. Hapana mubvunzo paRiri! Zvino tarirai Shoko racho!

¹³⁴ Zvino, tinocherechedza pano, “*Mazuva manomwe*,” ndezvezera rimwe nerimwe rekereke. Zvino, nokuti Humhizha hwaifanira kufa, kuitira kuti hugomutswa kuti hugotidzikinura tose. Zvino Vaiva nekereke yakagadzwa muhurongwa paPentekosti, asi Kereke iyi yaifanira kupfuura nemuchibairo; zvino nyika yevaRoma yakaiuraya, ndokuiisa muvhu.

¹³⁵ Semunyori uyu webhuku riya, handisi kukwanisa kufunga nezvaro zvino, akaita jee rakawanda kwazvo pamusoro pangu, uye ndokuti, “Pamadhimoni ose, ndiWilliam Branham.” Munoono, ndizvo zvinoedza kutaurwa nadhiyabhore. Akati, “Zviratidzo nezvinhu,” ndokuti, “nde zvadhnyabhore,” akati, “kana kuti, angori imwe mhando yemunhu anotamba nepfungwa dzevanhu, kana kuti anoshanda nekakuona kemhando yepamusoro.” Nyika yezvenjere nguva dzose ichiedza kuona kuti Chingavei.

¹³⁶ Ndipo pavakaedza kuongorora Jesu. “Ko Unoita sei zvinhu izvi? Chii chakazviita?”

¹³⁷ Akati, “Ndichakubvunzai mubvunzo. Ko shumiro yaJohane Mubhabhatidzi...Yaiva yaMwari here kana kuti yaiva yemunhu?” Maona?

¹³⁸ Ndokuti, “Hatikwanise kutaura.”

¹³⁹ Ndokuti, “Kana neniwo handigoni kukutaurirai.” Ndizvo chaizvo. Vakabva vaenda. “Kubva ipapo hapana munhu akazoMubvunza chimwe chinhu.” Maona? Akangovadimbura, haAna chaakavaudza nezvaZvo; havanei nazvo. Aiva nebasa rokuita uye Akaripedza.

¹⁴⁰ Mwari vatibatsire kuita chinhu chimwe chete. Hatisungirwe kupindura mibvunzo yadhnyabhore, ndizvo chaizvo, “Kana uri, ita *zvakati-nezvokuti*.” Une mungava kuEvhangeri, muparidzi ari, uye ndizvo zvoga; kwete kuti Rakanyorwa sei, ane mungava wekungoRitaura.

¹⁴¹ Uye semuranda, kana uri muporofita, une mungava kunaMwari. Uye kana zviratidzo zvinouya zvojekesa Gwaro

iri uye nokuratidza zvaRiri, une mungava kuShoko rose riri muBhaibheri iri, nokuti rose Rakanyorwa nemhando imwe chete yevanhu sewe. “Mwari kareko vakafambisa, nevaporofita, uye ndokunyora Dzv-...Bhaibheri Dzvene.” Maona? Uye hapana muporofita wechokwadi waMwari anogona kuramba Shoko rimwe chete raRo, asi anotenda Shoko rose uye nokuparidza zvimwe chete. Zvino Mwari vanosungirwa nemugwara iroro kuita kuti Shoko iroro rizadzikiswe chaizvo nenzira yaRakavimbiswa, Mbeu inokura.

¹⁴² Zvino cherechedzai zvakare, nokukasika, tinoona pano kuti mazuva ose manomwe ayo chingwa ichi chaifanira kudyiwa, mumaZera Manomwe eKereke. Zvino, apo yaifanira kufa uye yopinda muvhu.

¹⁴³ Zvino mutsoropodzi uyu akataura nezvangu, akati, “ZvaMwari uyu wamunonamata imi vanhu, aikwanisa kugara muMazera eRima achitarisa vanaamai, vakazvitakura, vamwe vavo vaine vacheche mumawoko avo, vanhu vakaperera, vokandirwa munhandare yemitambo zvino shumba dzovabvanzaura kuita zvimedu-zvimedu, uye ivo vachizhamba; nokuvaturika pamichinjikwa pamwe nokupapisa; vokumura madzimai nguwo zvokusara vasina kupfeka, mhandara dzechidiki, vozvikandira kumashure *sezvizi*, voregerera shumba kwavari.” Ndokuti, “Mwari uyu aikwanisa kugara Kudenga, achifanirwa kunge ari pachigaro chaKe choushe, zvino ndokutarisa pasi uye ndokuti Ainakidzwa nazvo,” akadaro.

¹⁴⁴ Zvino, onai, ndiwo manzwisisiro enjere anova adhiyabhorosi. Dai murume uyu akanga ari wemweya, angadai akaziva kuti tsanga yegorosi inofanira kufa, yaifanira kuvigwa mucathedral yeRoma.

¹⁴⁵ Asi zvino katsuri kokutanga keHupenyu kakauya munguva yokuvandudzwa naMartin Luther, kuti, “Vakarurama havarame nechingwa chechirairo chakaropafadzwa chinoitwa nemuprisita, asi neShoko raMwari. ‘Vakarurama vachararama nokutenda!’” Vakabuditsa tsuri mbiri. Mbeu yegorosi yakatanga kukura.

¹⁴⁶ Zvino ndokuzouya John Wesley ndokuwedzera ipapo. (Paiva nevamwe vakawanda, avo...Zwingli nevamwe vakauya ndokuramba kuberekwa nemhandara, zvino zvikangofawo zvakadaro.) Asi zvino kwakazouya maMethodisti, muchekechera, mukume, zuva remamishinari. Uye vakaparidza kucheneswa; ndokuwedzera muchekechera.

¹⁴⁷ Zvino kwakazouya maPentekosti muchikwande, zvokuti, kunyengerwa vaSanangurwa. Yairatidzika setsanga chaiyo yegorosi, izarure, hamuna gorosi zvachose. Asi Hupenyu huri kupfuura nemuchikwande.

¹⁴⁸ Zvino, makambocherechedza here, makore matatu mushure me—memusangano mukuru, chii chinoitika? Sangano. Aya

ave makore makumi maviri uye pasina sangano. Gwayana rinodikanwa riri kufa, dai zvikasadaro. Kana ndikaenda muchizvarwa chino, dai vanhu vanotenda Mharidzo ino vasambofa vakanyararira sangano! Mwari vacha... Muchafira chaipo pamuri ipapo! Muzvirangarire izvozvo! Nguva iyoyo yamunotaura zvesangano pakati penyu, handina basa kuti makaperera zvakadini, kutora munhu kuti ave mutungamiri wenyu panzvimbo yeMweya Mutsvene kuti usimbise Shoko iri, ndiyo nguva yamunofa! Mbeu yechokwadi haikwanise, nokuti hapana chinenge chichiripo mushure mbeube, ndicho chinhu chimwe chete chaivapo kare pamavambo. Ndiwo Mwenga wakawira muvhu kuti ugounza mbeu yegorosi zvakare.

149 Cherechedzai:

...mazuva manomwe muchadya chingwa chisina mbiriso...

150 Uye kuchava pamwe neMwenga...

151 Zvino, imi vanhu makambova naamai venyu vechiMethodisti vaidanidzira, nezvimwe zvakadaro, vawainetsekera “Kana vasina kutaura nendimi, vachange vasiko ikoko.” Inhema! Vaiva neMweya Mutsvene mumwe chete wauinawo nhasi, asi waiva muchimiro chemuchekechera, kwete kudzoreredzwa kwezvipo. Asi ose mazuva manomwe, ingodyai chingwa chisina mbiriso, Shoko. Avo, kare, avo vakaita sangano, vakafa. Ndivo gunde, vachangounganidzwa vopiswa. Asi Hupenyu huri kuramba huchipfuirira mberi. Zvino chii chinoitika? Hupenyu hwese hwaiva mugunde, mumuchekechera, muchikwande, hwese hunoguma hwave mugorosi. Uye Mweya Mutsvene mumwe chete wakaunza Luther, ndokuunza Wesley, ndokuunza maPentekosti, unoguma wave muMwenga parumuko.

152 “Mazuva manomwe, idyai chingwa chisina mbiriso.” Hapana mbiriso ichawanikwa pakati peMwenga, ha—hapana shoko rakawedzerwa, hapana chiripo. Rangarirai, shoko rimwe chete ndiro rakakonzera rufu rwese rwuri panyika; mwana wese weupombwe akazvarwa nokuda kwaEvha, kereke yekutanga, mwenga waAdhama wekutanga, akapokana Shoko raMwari ndokugamuchira resangano, kana renjere, kana chikoro chemagamuchiriro aRo; nokuti Rakashandisirwa njere, kuti, “Zvirokwazvo, Mwari ndiMwari wakanaka.” Mwari ndiMwari wakanaka, asi NdiMwari vane nduramo. Tinofanira kuchengeta Shoko raVo! Chikoro, mudzimai akarigamuchira.

153 Ndipo apo vamwe venyu imi vakomana vekuseminari, pasina kupokana pane kudanwa muhupenyu hwenyu, asi unomhanyira kune chimwe chikoro cheBhaibheri kuti uve nedzidziso iyi yakaiswa mauri, zvino ipapo ndipo paunofira... Gara naMwari neShoko raVo. Havakutenderi; kana kuti, haukwanise kuve weungano yavo, havakugamuchire papuratifomu. Saka rega

vave nazvo, regai vakafa vavige vakafa, ngatiteverei Kristu Shoko.

154 Zvino, mazuva manomwe hapachazove nembiriso inosanganiswa neMwenga, Kereke, mazuva manomwe.

155 Zvino cherechedzai. Zvino pasina . . .

Mazuva manomwe chingwa chine mbiriso hachifaniri kutongoonekwa panyika yako yose; . . . (Chibairo pano mufananidzo: Mwenga uchiuya kubva muChibairo chinova Kristu). . . uye hapafaniri kuwanikwa nyama, yamakabaira pazuva rokutanga madekwana, . . .

156 Uye rangarirai—rangerirai kuti tichangopfuura nemuMazera eKereke? Mutumwa kukereke anouya nguva dzose pakupera kwerimwe zera rekereke, nguva dzose. Kufa kwePentekosti kunounza kubvutwa kweMwenga. Maona? Kufa kwaLuther kwakaunza Wesley. Maona? Kufa kwaWesley kwakaunza Pentekosti. Kufa kwePentekosti kunounza Mharidzo zvino. Pano, zviri ipo pano chaipo, zvichifananidzirwa nemuMagwaro. Hapana gwaro muBhaibheri asi rinokochekerana nerimwe. Maona? Mifananidzo yose iyi. Handina kufunda, asi ndine Mweya Mutsvene unondiridza neimwe nzira, inodzidzisa kubva—kubva pazvisikwa; uye kubudikidza neShoko. Zvinofanira kuve Shoko, zvinhu zvakavimbiswa.

*. . . nyama, . . . chibairo zuva rokutanga . . .
madekwana, haifaniri kutongosara usiku hwese
kusvikira mangwanani.*

157 Zvino, kunyange Luther, aive neChokwadi uye ndokudzidzisa kereke “vakarurama vachararama nokutenda.” Haudi kubatirira pane izvozvo sedzidziso izere, muzera reMethodisti. Uchaita sei? Unoipisa nemoto. Zvaifananidzirei? Sangano rinobuda kubva Mushoko iroro chikwande, gunde, makwande, zvinofanira kupiswa nemoto. Chikamu ichocho chesangano chayakapfuura nemachiri hachifanire kuramba chiripo, chinofanira kufa. Musachisiya kusvikira pakuvamba kwerimwe—rimwe zera, zvipisei! Ari kutaura kuMwenga zvino pano, Mwenga woga, wanga uri kuuya nemumazera ose.

158 Cherechedzai manakiro azvo, “Ropa regwayana.” Ava Mutumbi waKristu, Chibairo: ropa regwayana pamukova. Zvino, rangerirai, gwayana rakabaiwa raiva mufananidzo waKristu.

159 Kana kuti tinogona kutora nguva yakawanda kwazvo, asi handina . . . ndinongori nemaminitsi mashoma okugara pano. Ndingangomira ndozotangazve nhasi manheru, maona, nokuti tiri kutora nguva yakarebesa. Zvaka . . . Ndine mapeji makumi maviri eizvi pano, ezvinyorwa, pachidzidzo ichochi chimwe chete.

¹⁶⁰ Cherechedzai zvino, pane izvi, gwa—gwayana raiva Kristu mumadimikira. Kana kuti ndazvitauro here zvakanaka? Mufananidzo; Kristu aiva Gwayana. Raizenge riri mukono, wekutanga kubva kune hwai amai; kana hadzi, chero zvaunosarudza kuidana. Rinofanira kunge riri rayo rekutanga. Uye rinofanira kuongororwa kutanga kuti vaone kana pasina chipomerwa pariri.

¹⁶¹ Zvino, Kristu akaedzwa; gwayana rokutanga kubva kuna amai hwai, Maria mhandara. Akaedzwa nei? Satani achipikisa Shoko. Paakarova Evha, mudzimai akawa; ndokurova Mosesi, akawa; asi paakabhururukira panaKristu, ndokuedza kutaura Shoko nenzira isiri iyo kwaAri, uh-huh, akazooka kuti akanga asiri Mosesi. Maona? Akaedzwa. Chii chakaita... akatendeuka, iye akati, “Kana Uri Mwanakomana waMwari. Zvino vanondiudza kuti Unoita zvishamiso, uye vanondiudza kuti Mhesia achaita zvakadaro. Zvino, kana zviriro izvo, Une nzara, haUna kudya, shandura zvingwa izvi zvive... matombo aya kuti ave chingwa, ugodya.”

¹⁶² Akati, “Zvakanyorwa, ‘Munhu haangarame nechingwa choga.’” Chitendwa chako, nezvimwe zvakadaro. Asi nei? Shoko rose! Chikamu cheShoko? “Shoko rose rinobva mumuromo waMwari.” Ndiro iro munhu raanorarama naro. Maona? Gwayana rakaedzwa, kuona kana paine pamwe paAkawa.

¹⁶³ VaFarise, “O Rabhi, Iwe Muporofita muduku, tinofunga kuti Unoshamisa. Wakanaka.”

¹⁶⁴ “Sei uchiNditi ndakanaka? Pane Mumwe chete akanaka, uye ndiMwari. Munozvitenda here izvozvo?”

¹⁶⁵ “O, hongu. Mwari.”

¹⁶⁶ “Saka, Ndini iYe, zvino.” Uh-huh. “Wati pane Mumwe chete akanaka. Sei muchiNdidana kuti ‘ndakanaka,’ asi musingatendi kuti Ndiri Mwari?” Uh-huh. “Saka sei muchiNdidana kuti ndakanaka? Chii chinokuitai kuti mudaro? Chii chakufemera kutaura kudaro, apo munoziva kuti panongori nemumwe chete akanaka, uye ndiMwari?”

¹⁶⁷ “Tinoziva kuti haMuremekedzi chiremerera chemunhu kana shoko rechinzvimbo chake. Tinozviziva.” Edza... Aiziva munyengeri uyu. Maona?

¹⁶⁸ Akaedzwa kuti aonekwe paAive amire, munoona, akaedzwa nenzira dzose, akaedzwa sokuedzwa kwatinoitwa. Asi pakanga pasina kuregedzera, kwaAri, zvachose. Kwete, changamire! Uyo akanga ari Mwanakomana waMwari.

¹⁶⁹ Uye gwayana rakaedzwa, zvino ndokuchengetwa kwemazuva gumi nemana. Aive maSabata maviri, kana mazera maviri. Rimwe raive remaJudha, iro ravakapira gwayana mumufananidzo; rimwe remaHedheni, vane Gwayana remazvirokwazvo, uye vose vakakwanisa nokutenda Gwayana

iri rakanga riri kuuya. Asi Akaedzwa gumi neina. . . kana kuti akaongororwa mazuva gumi nemana, Akanga ari Shoko.

¹⁷⁰ Zvino unogona kuongorora Testamente Yakare, woti “Inopomera Itsva.” Uri kukanganisa! Testamente Yakare inongopupurira Itsva.

¹⁷¹ Mumwe murume akanga ari kuzondipikisa nguva shoma yapfuura, akati, “Ko dambudziko rake nderei?” Ndokuti, “Handiti, anodzidzisa kubva muTestamente Yekare.” Muparidzi weChikristu, pafungei ipapo. Akati, “Testamente Yakare yakafa uye yakapera.” O, kwete! O, kwete! Anongori mudzidzisi wechikoro, zvinongoratidza zvakanorwa pamadziro. Maona? Ndizvo chaizvo.

¹⁷² Zvino, munoona, mazuva gumi nemana rakaedzwa, aiva Kristu. Zvino cherechedzai, zvino Akazouraiwa munguva dzemadekwana, parinofanira kuuruiwa, gwayana. Kristu akafa panguva dzemadekwana, masikati. Uyezve cherechedzai, zvino iyewo zvakare. . .

¹⁷³ Ropa rakanga riri kuzoiswa pamagwatidziro emukova, munoona, apo ropa ndiro hupenyu hwemhuka. “Muchadya nyama yacho; asi ropa racho rinova iro hupenyu, ridururei.” Maona? Raifanira kuzo. . . Ropa raifanira kuiswa pachivivo chekumusoro kwemagwatidziro eimba umo chibairo chakanga chagamuchirwa. Girori! Upenyu chii? Zita. Kuti. . . Vakaisa zita remunhu. . . Enda kumukova, zvino ugotarisa, uone kuti izita ripi riri pamukova usati waridza bhero. Maona? Ropa rakaiswa pachivivo chepamusoro chemukova semufananidzo wechibairo chakanga chiri mukati.

¹⁷⁴ Zvino tave kuzowana nzvimbo yekunamatira, neimomo macho, zvichiuya nemuRopa iroro. Cherechedzai, ropa rakanga riri pamukova raitaura zita rezvakanga zviru. . . zvaiva mukati, vaive imomo. Nzvimbo yedu yekunamatira, Gwayana, iShoko. Tinozviziva izvozvo.

¹⁷⁵ Zvino, ndima 4, cherechedzai, “Musasiya chingwa, musasiya chii zvacho chechibairo,” kana, kutora chimwe chemune rimwe zera muchiisa mune rimwe.

¹⁷⁶ Kuedza kudzokera uye ugoti, “Zvakanaka, zvino, tiri maLutherani, tiri kuda kuuya kumusoro kuno uku,” unofanira kufa kuzera remaLutherani kuti ugobarwa muzera raWesley. Unofanira kufa muzera raWesley kuti ugobarwa muzera rePentekosti. Uye unofanira kufa muzera rePentekosti kuti, pasave nechimwe charo chinosara, zvipise nemoto, nokuti zvichatsva segunde umo munobuda gorosi. Gunde, sangano, rinofanira kupiswa. Saka usaunze sangano rako muMharidzo itsva. Iri ndiro Shoko zvino. Ndizvo zvakaita sangano, gunde; yakaRitakura, ndizvo chaizvo; asi Rakauya imo muno *umu*, zvino gunde ndokufa. Raingova mutakuri, sangano, asi Shoko

rinoramba richienda mberi. Hongu, Shoko rinoramba richienda mberi.

177 Zvino torai ndima 5 ne 6. Cherechedzai, “Kwete . . .” Zvino ngatitorei ndima 5 ne 6.

Haufanire kubaira paseka mukati merimwe ramasuwo ako, aunopiwa naJEHOVHA Mwari wako:

178 Zvino rangarirai, “Kwete mune rimwe zvaro remasuwo aya.” Ishe vanokutenderai kuva nemasangano aya, muri kuona, “masuwo aya.”

Asi panzvimbo ichatsaurwa naJEHOVHA . . . Mwari wako kuti agarise zita rakepo, . . .

179 Ndiro Suwo roga, nzvimbo yoga. “Kwete mune mamwe masuwo aya.” Asi Mwari vane Suwo.

180 Unoti, “Mangwanani ose ndinopinda musuwo reMethodisti.” Ndiyo kereke. “Mangwanani ose ndinopinda musuwo reKatorike.” Uh-huh. Zvakanaka, Ishe vakarega vanhu vaVo vachipinda nokubuda nemumasuwo aya. Mwari vane vanhu mukereke yeKatorike, kereke yeMethodisti, kereke yePresbyteriani, ose zvawo, maPentekosti. Ichokwadi, asi regai . . . haushumire Mwari uri musuwo iroro. Maona? Asi Ishe vane rimwe suwo. Girori! Vane suwo.

Asi panzvimbo ichatsaurwa naJEHOVHA Mwari wako . . . kuti agarise zita rakepo, ndipo . . . paunofanira kubaira paseka madekwana, . . .

181 Inguvai idzo Rebheka akawana Isaka? Inguvai idzo Erizeri akamudana kuti ave mwenga? Nguva dzemadekwana!

Kuchava neChiedza senguva dzemadekwana,
Nzira yemuKubwinya zvirokwazvo
uchaiwana;
Munzira yemumvura mune Chiedza nhasi,
Wakavigwa muZita raJesu rakakosha;
Vakuru nevaduku, tendeukai zvivi zvenyu
zvose,
Mweya Mutsvene uchapinda
zvemazvirokwazvo;
Zviyedza zvamadekwana zvauya,
Ichokwadi kuti Mwari naKristu ndiye mumwe.

182 Ndiwo aiva mavambo aCho, zvino chapinda muChiedza cheMwenga. Muri kuona zvandiri kureva?

183 Zviri nani ndichivhara pano, ndotanga zvakare madekwana, nokuti handisi kuda kuti musiyeye izvi, muri kuona. Kwete, kwete, yave—yave nguva yekudya kwamasikati. Zvakanaka, zvakanaka, ndine zvinyorwa zvakanawanda zvakananyorwa pano. O, ini zvangu! Ko manheru anhasi, hazvingave zviri nani? [Ungano inoti, “Kwete. Iye zvino.”—Mupepeti.] Huh? Saka, kana imi . . . Muri kuda kumboedza kupfuurira mberi zvisihoma? [“Hongu.

Ameni.”] Zvakanaka, ngatiendererei mberi zvishoma zvino, tichaita zvokukasika. Pakadini apa?

¹⁸⁴ Zvino, kupinda nepapi? “Hamusi kuzopinda nepasuwo rose iro Jehovha Mwari akakupai, asi nepasuwo iro Jehovha vachaisa Zita raVo mariri.” Kwete kuenda muimba ye—yesuwo rinova mukova. Ndizvo here? Mwari vachaisa Zita raVo pamukova, uye hamuchazo. . . Ndiri suwo rinopinda muimba yekushumira, munzvimbo tsvene. Haupinde imomo nechibairo chako kune rimwe remasuwo aya, asi musuwo iro Ishe Mwari vanosarudza kuisa Zita raVo mariri. Maona?

¹⁸⁵ Zvino, Akazviita here? Riripi Suwo racho? Muna Mutsvene Johane 10, Jesu akati, “Ndini Suwo, Mukova. Ndini Mukova kuimba yaMwari. Ndini Mukova kudanga remakwai.” Kwete danga rembudzi, danga remakwai. Maona? “Ndini Mukova kudanga remakwai. Munhu anokwanisa kupinda nepaMukova uyu, obva achengeteka.”

¹⁸⁶ Uye zvino tinogona kugara nguva yakareba tiri pane izvozvo. Asi, kuchengedza nguva, Iye ndiye Mukova kudanga remakwai. Zvino, tiri kuda kucherechedza pano. Mimvuri nemifananidzo zviru kunyatsooneka pano, asi ini. . . kana ndikatora peji iyo ndicha. . . zvichakubatai kwechinguva.

¹⁸⁷ Zvakanaka, cherechedzai, izvi zvinounza kuonekwa kwakakwana, Jesu Kristu. Nokuti Testamente Yakare yose mufananidzo waKe, yose mitambo, kunamata kwese, nezvose. Uye ndine zvandanyora zasi pano, pasi pemitsara iyi yeMagwaro, “Zvitsanangure.” Ipapo ndipo pazvinozotora nguva yakareba. Kutsanangura kuti mitambo yose. . . Kunyange chipiriso cheupfu chaiva mufananidzo waKristu. Regai tingatora ichocho.

¹⁸⁸ Pane imwe nguva paiva ne—nechikoro chainzi chikoro chevashumiri, kana kuti chikoro chevaporofita. Vairairidza, nokudzidzisa vaporofita. Zvino paivapo nemumwe muporofita wechokwadi, akadanwa naMwari pane imwe nguva akavashanyira ikoko. Saka, vaida kuratidza muporofita uyu mutana ruremekedzo, saka mumwe wavo akabuda kunze zvino ndokunotora chitsamha chezvaifunga kuti dzaive nyemba; asi aive mapudzi ane muchetura, zvino akanga ari kuzopa vose chokudya ichi.

¹⁸⁹ O! Itswanda ngani dzizere dzekuseminari dzatakava nadzo! Maona? Ndizvozvo. Vane zvimwe zvinhu zvavari kubika. Maona? Vane tswanda dzizere dzeMethodisti, tswanda dzizere dzemaBaptisti, tswanda dzizere dzemaPentekosti. Asi, munoona, ivo manhungirwa, mhando inokwanisa kupururwa kubva pamuti. Munoona, kwete muMuzambiringa chaiwo. Uchibereka maremani, magrapefruit, nezvimwe zvakadaro; kwete maranjisi, asi achipupura kuva emhando yemichero semaranjisi.

¹⁹⁰ Cherechedzai zvakare. Zvino, mune izvi—mune izvi, zvino Eria paakasvika ndokudzitarisa, uye ndokuona kuti dzaiva nyemba dzine muchetura dzaizouraya mumwe nomumwe wavo, vakati, “Nhai vedu, tine rufu mupoto!”

¹⁹¹ Iye ndokuti, “Ndiunzirei chanza chizere cheupfu.” Zvino akakandira upfu mukati imomo, akati, “Iye zvino zvanaka, chidyai zvamunoda.” Hwakashandura rufu kuva openyu.

¹⁹² Zvino chipiriso cheupfu chakapiwa kuna... Kristu, Ndiye aiva chipiriso Cheupfu, uye chipiriso cheupfu chinofanira kukuyiwa neimwe mhando yehuyo yaiita kuti tsanga yose duku yeupfu inge yakafanana, zvichiratidza kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ndiye chinhu chimwe chete chokuisa musangano rako uye rigorarama, Shoko! Kristu ndiye Shoko, mifananidzo yose yezvinhu zvose: tabhenakeri, chi—chi—chingwa chakayereswa, zvinhu zvose. Chingwa chisina mbiriso chakamedurwa chaive pasi pendiro waive mutumbi waKe wakatyoka, izvo zvisingagone kutsanangurwa nemaJudha nazvino kuti vanozviitirei. Maona? Uye zvimwe zvinhu zvose izvi zvaiMufananidzira.

¹⁹³ Zvino, zvadaro, Iye achioneka, tinoona zvino masangano ose nezvitendwa zvasara kumashure; nokuti Ndiye Shoko raMwari rakachena, risingashanduke, rinova chingwa chisina mbiriso, Mutsvene Johane 1. Ndizvo chaizvo, ndiYe Chingwa chisina mbiriso. Saka zvino ukawedzera *ichi* kana kuwedzera *icho*, imbiriso yawedzera kune Izvo zvakatopiwa kare pakutanga kuva zvenyu.

¹⁹⁴ Tarirai pano. Chii chiri kuuraya rudzi nhasi? Vanotora vosanganisa zvinhu. Zvino paunozvisanganisa, unochiuraya. “O, chinoratidzika zvakawedzera parunako.” Ichokwadi! Chibage chemasanganiswa: macorn flakes, nezvimwe zvose zvokudya zvinogadzirwa nechibage. Chibage chemasanganiswa: gunde guru, rakakura, rakareba zvakana, nemazivana makuru kwazvo, anoratidzika kuve akanaka zvakapetwa kaviri semamwe. Asi rufu! Sainzi yakatozviona izvozvo. Maona? Usazvisanganise, zvinokuuraya.

¹⁹⁵ Zvino, pano, regai ndikuratidzei. Rimwe zuva ndakanga ndiri kudiridza mamwe maruva muruvanze rwangu. Zvino mudzimai aiva nemamwe maruva emasanganiswa akanga ari mune kamwe kapoto kaduku pano, kana kuti mune kamwe kandiro padivi remba. Tinofanira kudiridza zvinhu izvi katatu pasvondo, kana kana, kana kuti anofa. Zvino hechinois chirimwa chepakutanga chakamira kunze muruvanze. Hakusati kwambonaya kuno kwemwedzi mitanhatu, kwakangooma...Kana kukanaya, mumanitsi gumi unogona kufuridza guruva. Asi kamuchinda kaya kaduku kari kunze uko, kakangopfuurira parunako nokubwinya pane zviri kemasanganiswa nokudiridzwa kwese kuya. Rishaise mvura,

rinofa. Asi iri rakawanepi mvura yaro? Uye chimwe chinhu, unofanira kuenda nguva dzose uchiafirita mazuva ose kana maviri, kuti asaite inda. Akasanzwarwo, rinodyiwa neinda, rakanyorova uye rakapfava kwazvo. Asi hapana inda inoenda pane iro repakutanga. Kwete, kwete! Inonanaira ichiuya kwariri yonanaira ichienda. Nderepamavambo! Muri kuona zvakaitwa nekusanganisa zvirimwa?

¹⁹⁶ Ndizvo zvimwe chete mukereke. Vari kuedza kusanganisa sangano neShoko, kugadzira...kuedza kuita kuti Shoko ritauere zvinotaurwa nesangano. Zvino paunodaro, unotofanira kuvafirita, nekuvanyengetedza sevana, ne—nekuvapa nyeredzi dzendarama kuti vauye kuSunday school, nezvimwe zvose. Ndizvo chaizvo. Kana, Mukristu wechokwadi, akabarwa patsva, akabarwa neShoko raMwari, akakwasharara. Ndiye iwewe. Inda nezvinhu zvemunyika hazvimunetsi. Iye ichapungu, anobhururuka achizvipfuura. Munoono, anobhururukira muchadenga. Maona? Ichokwadi. Hapana . . .

¹⁹⁷ Cherechedzai. Zvino, tinofanira kunzwisisa kuti pano, sangano, zvitendwa, nechose chinowedzerwa kuchingwa chine mbiriso hachikwanise kusangana nechingwa chisina mbiriso. Uye Bhaibheri rinozvifananidza pano musakaramende, rokupinda pakunamata, kuti hapana mbiriso yaunofanira kuenda nayo, uye Mwari vanokugamuchira.

¹⁹⁸ Unoti, “Ndiri muMethodisti.” Pakare ipapo unofa! “Ndiri maPentekosti.” Unofa!

¹⁹⁹ Ndiri waKristu. Ndizvo chaizvo. Unofanira kumira pane chimwe chinhu. Ndizvo chaizvo. Waka—wakamira pane chimwe chinhu.

²⁰⁰ Churchill akamboti, akasimudza minwe miviri ndokuti, “Tawana kukunda.” Uye England yakamira nazvo, vakatenda Churchill.

²⁰¹ Mungazvitenda kana kurega, mangwanani ano, wakamira nechimwe chinhu. Pane chinhu chimwe chaunogona kurarama pamwe nokumira nacho, uye ndiKristu, Shoko. Chokwadi!

²⁰² Cherechedzai, hapana chimwe chinhu muBhaibheri chinofananidzira masangano kunze kweBhabhironi. Uye Bhabhironi rakavakwa naNimurodhi, uye Nimurodhi aiva mupengo wemunhu. Uye aiva neboka remadzimai imomo, vaifanira kunge vari vanavahosi vake, avo vaiva vaporofitakadzi. Vanotofunga kuti Bharami wakare akabva nekudivi iroro, vaiva nemidzi nezvimwe zvakadaro. Vainamata, munoziva (vakawanda venyu imi vadzidzi vari kuverenga *Two Babylons* yaHislop, nezvimwe zvakadaro, nenhorondo yekereke), uye nemaitiro a—avaiita. Uye vaiva nemadzimai vaiita *izvi*, uye madzimai . . .mwarikadzi, nezvimwe zvose, uye chaive chinamoto chekumanikidza. Munhu wese, guta rose rakapoterredza Bhabhironi vaimanikidzwa kuuya kuBhabhironi

kuzonamata pasi paNimirodhi parusvingo. Maona? Ndizvo chaizvo. Vaitomanikidzwa kuzviita, kutaura nezvazvo. Ndipo pakauya nyonganyonga.

²⁰³ Ndizvo chaizvo zviri kereke nhasi, “Kana ukasaenda kuSunday school, kana ukasaita *zvakati*, uye nokukupa basa kuti uite *zvakati* nokuita *zvakati* nokuita *zvokuti*, haumo munyaya yacho.”

²⁰⁴ Kunze uko kuTucson, vari kuteerera mangwanani ano, ndakambonetseka...ndinogara ndichigombedzera vanhu, “Enda kucheche, hazvina basa kwaunoenda.” Zvino ndakaona vanhu vachiita sokukakatira shure, vachienda *neuku*. Zvino ndakafunga, “Chii chanetsa?”

²⁰⁵ Ndakaenda kune vamwe vavo, “Zuva rokutanga uri ikoko, vanouya kwauri, ‘Joinha chechi yedu.’ Kana ukasazviita, haugamuchirwe.” Maona? Maona? Chinhu chokumanikidza, zvinomanikidzirwa pauri, munoona, zvino ndiyo Bhabhironi. Asi munaKristu, unopinda nokusanangurwa; kwete nokumanikidzwa, moyo wako ndiwo unokudhonzera mukati.

²⁰⁶ Mwari havana kuisa Zita raVo muBhabhironi. Nepedyo zvino. Havakwanise kuisa Zita raVo muBhabhironi, makereke. O, ivo, *ndivo* vanoisa Zita raVo imomo, asi iVo havana zvachose. Kwete.

²⁰⁷ Munoti, “Saka, zvino, Hama Branham!” Mirai, mirai, ingogarai makaterama kwechinguvana. Mandikumbira kuti ndigare kwechinguvana. Hamusi kuona here? Iye zvino cherechedzai, *ndivo* vakaisa Zita raVo imomo, asi iVo havana.

²⁰⁸ Zvino, Vakati, “Nzvimbo yaNdiri kuzosangana nemi pamwe nokugamuchira chibairo chenyu ndipo paNdakasarudza kuisa Zita raNgu. Munouya nepasuwo iri, mukova uyu apo paNdakasarudza kuisa Zita raNgu. Ndipo pamunouya.”

²⁰⁹ Zvakanaka, vanoisa, “Ino ichurch of Christ.” Kana paine chakatsveyama pakureva uku, kwakasiya shoko rimwe chete: “anti.” Uh-huh, zvose zvaAkadzidzisa, havawirirane naZvo. VaFarise vechimanjemanje.

²¹⁰ Asi tinofanira kuwana paVakaisa Zita raVo, nokuti Imomo ndimo mune suwo raVo roga ravakapa. Amen! Girori! Tarirai! Ko Vakaisepi Zita raVo? MuMwanakomana waVo.

²¹¹ “O,” munoti, “zvino mirai zvishoma, Hama Branham. Uyo akanga ari Mwanakomana, kwete Baba.”

²¹² Mwanakomana anatora zita rababa vake muzvinhu zvose. Ndakauya panyika pano nezita rokuti Branham nokuti zita rababa vangu rakanga riri Branham.

²¹³ Jesu akati, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu, uye hamuna kuNdigamuchira.” Mungada Gwaro rine izvozvo? Mutsvene Johane 5:43. Maona? “Nda—ndakauya muZita raBaba vaNgu,

uye hamuna kuNdigamuchira.” Zvino Baba vakaisa Zita raVo pachaVo, rinova “Jesu,” muMwanakomana. Uye ndiYe Nzira, ndiYe Mukova, ndiYe Imba, ndiYe apo Mwari vakasarudza kuisa Zita raVo. Mwari havana kumboisa Zita raVo mandiri, haVana kumboRiisa mukereke, haVana kumboRiisa muMethodisti, Baptisti, Katorike, asi VakaRiisa munaKristu Muzodziwa Emanueri.

²¹⁴ Zvino Zita riri Mushoko nokuti Iye iShoko. Ameni! Ko Iye chii zvino? Shoko rakadudzirwa ndiro kuratidzwa kweZita raMwari. Ndosaka. “Nyama neropa hazvina kuzvizarura kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga vazvizarura kwauri, kuti Ndini Ani. Uye pamusoro peibwe iri Ndishavakira nzvimbo yaNgu yekunamatira, uye masuwo ehadhesi haakwanise kuIzunzira pasi.” Ameni! O Kereke yaMwari inorarama, mirai munheyo yakasimba panaJesu Kristu oga. Munogona kuimba chimbo, asi kana musiri pana Kristu Shoko, uri jecha riri kuzunguzika, risina kusimba. “Asi paDombo iri,” Kristu, “Shoko raNgu.”

²¹⁵ Vakavaka mharidzo yeLutherani zvino ivo ndokuiita sangano. Yakanga iri kukura, chigaro chetsoka. Zvino Vakaikudza muchikamu chegumbo, maMethodisti, nezvakadaro. Ndipo paVakavakira Kereke yaVo, paShoko raVo! Zvino, haAsi wese gumbo kana wese chidya, Iye mutumbi; uye zvino ndicho chikamu chedombo repamusoro rakatesva. Makacherechedza here mumapiramidhi? Apo, handiparidze chinamoto chepiramidhi, zvino.

²¹⁶ Asi Bhaibheri rokutanga rakambonyorwa, rakanyorwa muchadenga, iyo zo-...[Chibenga patepi—Mupepeti.] Makazvicherechedza here? Rinotanga nemhandara, chiratidzo chokutanga muzodiac. Chiratidzo chokupedzisira iLeo shumba. Akauya kutanga nemhandara, Achazouya panguva inotevera seShumba yerudzi rwaJudha. Nguva iyi yoda kusvika, zera rekenza, hove dzakachinjikana, nemamwe ose mazera. Dai tanga tiine nguva yekupinda nemazviri; iyo yatinayo, kutabhenakeri.

²¹⁷ Uye pir-...piramidhi riri nheyo dziya, kuenda kumusoro mukamuri yamambo. Uye paunenge woda kusvika pamadziro echinomwe, pane kamwe kapuranga ipapo pokuzivisa, apo mutumwa anobuda kunze ouya kuzokuunza kunamambo. (Mutumwa, Johane Mubhabhatidzi, uyo akazivisa, kuna Mambo.) Asi Ibwe repamusoro rakarambwa. Uye havazive, Dombo Rekushorwa, kana chero zvaringava, havazive kuti riri kupi, nokuti idombo rakarambwa. Asi ndiro dombo rinotesva zvinhu zvose, rinoiita piramidhi kubudikidza nemumazera akakwana manomwe ekereke. Wedzera nyasha, wedzera *chakati*, wedzera *chakati*, pane kuwedzera kunomwe, kwekupedzisira ndiKristu. Wedzera *chakati* kurudo rwako, wedzera nyasha kunyasha dzako, wedzera chimwe chinhu zvakare, nechimwe

chinhu zvakare, kusvikira zvasvika kunaKristu ndiye Dombo repamusoro, “Uye ndiNi Mukova.”

218 Zvino, mwanakomana nguva dzose anouya ari muzita rababa vake. Mwanakomana wese anouya ari muzita rababa vake. Uye Jesu akati, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu.” Zvino nderipi Zita raBaba? Nderipi Zita reMwanakomana? Zvino iYe akati, “Nenguva isipi nyika haichazoNdioni zvachose, asi imi muchaNdiona.” Hongu, Akauya muchimiro cheMweya Mutsvene, Zita Racho ndiJesu. Ndicho chikonzero vainamata, “O Jesu!” Maona? Maona? Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene: NdiTenzi Jesu Kristu. Ndizvo zvoga. “Ndakauya muZita raBaba vaNgu, uye hamuna kuNdigamuchira.”

219 Zvino, rangarirai, Akawedzerawozve pano uye ndokutiyambira, “mumwe achauya,” sangano, chitendwa. “Vachauya muzita ravo uye muchavagamuchira. HamuzoNdigamuchire, Shoko rakasimbiswa nokuratidzwa pamberi penyū.”

220 SezvaAkanga ari kareko, ndizvo zvaAri nhasi. Musazvipotsa izvozvo, vanhu vari kwese munyika ino! “Mumwe achauya, kereke, zvino muchatenda izvozvo, nokuti munogona kuita pamadiro. Handizvisimbise.” Haana kumbobvira (pane nguva ipi zvayo, zachose) vakasimbisa chimwe chinhu (mukereke ipi zvayo) kunze kweMharidzo yakapiwa: Luther, kururamiswa; Wesley, kucheneswa; Pentekosti, kudzoreredzwa kwezvipo. Mushure...Zvino pavanongogadzira sangano kubva mairi, ipapo yakafa. Nzverai Magwaro.

221 Asi Vakati, “Ndichasarudza nzvimbo yekuisa Zita raNgu.” Zvino Zita racho raiva Jesu. Uye Jesu iShoko, Mutsvene Johane 1. Ndizvo here? Ndiyo nzvimbo yekunamatira, muna Kristu Shoko. “Ndakauya muZita raBaba vaNgu.”

222 Muporofita akati, “Zita raKe richanzi Emanueri.” NdiMateu 1:23, kana muchida kuzvinyora pasi. Jesu, Jehovha, Muponesi.

223 Zvino, ndima 5 inoratidza kuti Ndiye Mukova. Pari zvino, nezvimwe zviratidzo zvakawanda zvisingaoneki, Musuwo uyu, neZita, nenzvimbo zvinogona kuratidzwa kuti pane nzvimbo imwe chete iyo Mwari vanosangana nemunhu kuti anamate, uye ndipo apo anenge ari munaKristu.

224 Zvino, mubvunzo ndewekuti, “Ko tinopinda sei maAri?” Zvino, izvi zvinogona kutswinya zvishoma; asi, munoziva, sekutora mushonga, kana ukasakurwarisa, hapana chakanaka chaunokuitira. Maona?

225 Zvino, maLutherani vaidha kupinda neimwe nzira, nokujoinha kereke yeLutherani. MaMethodisti vaidha kupinda nokudanidzira. MaPentekosti vaidha kupinda nokutaura nendimi. Izvozvo nazvino handizvo! Maona? Kwete, izvo zvipo, nezvakadaro. Asi vaKorinte Vokutanga 12 inoti, “NeMweya

mumwe chete.” Mweya waMwari, u nova mupi weHupenyu kuShoko (Mbeu), kusimbisa Mbeu yemwaka iwoyo. Maona?

²²⁶ Hepanoi mbeu yezera reMethodisti irere apo, zvakatora Mweya Mutsvene kuti mbeu iyi iuye kuhupenyu uye yakachena...kuchenesa kereke nekucheneswa; Luther haana kuparidza zvakadaro, nokuti akanga asingazvize. MaPentekosti akanga achida kutaura nendimi kuti zvipo zvidzoreredzwe. Mumwe nomumwe anotaura, “Izvi Ndizvo! Izvi Ndizvo!” Maona?

²²⁷ “Asi neMweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete,” uye Mutumbi uyu imhuri, mhuri yaMwari. Uye ndiyo imba yaMwari, zvino imba yaMwari ndiro Zita raJesu Kristu. “Zita raJehovha inhare yakasimba, vakarurama vanomhanyira maIri uye vanochengeteka.”

²²⁸ Zvino, ko uchauya imomo sei nedunhurirwa? Ko cheki yako ichagamuchirwa sei uchiti, “Yakabhadharwa sokuraira kwe—kweMufundisi, Chiremba, Mushumiri”? Maona? Maona? Unogona kunge uri mufundisi, chiremba, mushumiri. Asi *zita* raJehovha ndi “Jesu Kristu.” Maona?

²²⁹ “Ndakasarudza kuisa Zita raNgu pamukova weimba yaNgu yokunamatira, nokuti mhuri yaNgu ichange yakaungana imomo pasi peRopa; sezvazvaiva muEgipita, chose chaiva kunze chakafa. Uye mukati imomo hamuna chingwa chine mbiriso! Hapana masanganiswa esangano maIri pose zvapo, imba yaNgu! Vana vaNgu, vakabarwa kubva muzvizinga zvaNgu!” Ameni! Kubwinya ngakuve kunaMwari! “Zvizinga zvaNgu zviri mavari! Zvangu...Ndakaisa Shoko raNgu mavari. Ndichazvinyora pahwendefa dzemoyo wavo. Ndiyo mhuri yaNgu, mhuri yeMutumbi waJesu Kristu; mhuri. Uye mukova uyu wauchapinda nemaUri, kwete Methodisti, Baptisti, kana Pentekosti, asi mumukova Mandakaisa Zita raNgu.” Hausi Methodisti. Zita raMwari harisi Methodisti. Zita raMwari harisi Pentekosti. Zita raMwari harisi Baptisti. Zita raMwari harisi Katorike. Garai kunze kwemikova iyi zvino. Maona? Maona? Maona?

²³⁰ “Asi panzvimbo yaNdakasarudza kuisa Zita raNgu.” Zvino, hapana imwe nzvimbo muBhaibheri yakapiwa apo Mwari vakamboisa Zita raVo, ndemunaJesu Kristu bedzi, nokuti ndiYe Mwanakomana waMwari akatora Zita raMwari, uye Zita raMwari revanhu. “Uye hakuna rimwe zita rakapiwa pasi peDenga raunofanira kuponeswa naro.” Handina basa, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, macatechism, kana chero chaungada kuita; kubudikidza bedzi neZita raJesu Kristu apo ibvi rose richagwadama nerurimi rwese rwuchapupura kwariri, Iye ari Ishe. Ndiwo mauuri aunoita mukati.

²³¹ Zvino kana wakangobhabhatidzwa mumvura chaizvo—chaizvo, uyezve woramba Shoko, zvadaro uri weupombwe;

kuberekwa kwako kwakanga kusiri kwenzira kwayo. Unoti unoMutenda zvakadaro, asi uchiMuramba.

²³² Ko ndingaramba sei mhuri yangu? Apo. . . Ko ndingaramba sei Charles Branham kuti havasi baba vangu? Kuongororwa kwero pa pamukova kunozviratidza. Uh-huh.

²³³ Maitiro angu, uye nokusimbisa kweShoko raMwari muhupenyu hwangu kunoratidza kuti ndiri mwana waMwari here kana kuti kwete. Zvino, heyo iyo nzvimbo yoga yaMwari. Muri kuiona? Nzvimbo yoga Mwari yavanogamuchira chibairo chako (handina basa kuti wakaperera zvakadini) iri muna Kristu.

²³⁴ Uye rangarirai. . . Munoti, “Zvakanaka, ndinotenda kuti ndakapindamo zvakare.” Rangarirai, Bhaibheri rinoti. . . Munoti, “Zvakanaka, Bhaibheri rakati, ‘Ani naani anotenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, akaponeswa, achaponeswa.’”

²³⁵ Rinotaura kudaro, asi rangarirai zvakanorwawo *zvakare*, zvakanorwawo *zvakare*, “Hakuna munhu anodana Jesu kuti Kristu, kunze bedzi neMweya Mutsvene.” Maona? Unogona kuti “Aripo,” asi Haasi kusvikira Mweya Mutsvene pachaKe unopa Hupenyu kuShoko wazviratidza nokusimbisa kuti uri mwanakomana waMwari. Ndiro Gwaro.

²³⁶ “Nzvimbo yaNdakasaruza kuisa Zita raNgu. Hamufanire kunamatira pane ripi zvaro suwo, asi pasuwo raNdinoina Zita raNgu mariri; zvadaro Ndinozokugamuchirai, muri mumhuri yaNgu.”

²³⁷ Zvino, mhuri yaMwari inoteerera mirairo yaBaba wemhuri. “Uye ndiYe Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba vokusingaperi; uye zvoushe nokutonga kwaKe hazvina magumo, hurumende ichange iri pamafudzi aKe.” Uye Iye ari Mutongi, Mambo, Emanueri, Wokutanga, Nokuguma, Muchinda weRugare, Mwari Wamasimba, Baba vokusingaperi, mumwe nomumwe wevana vaKe vanoteerera Shoko rose sokuraira kwaro nokuti vari chikamu chaKe.

²³⁸ Tinogara mumba medu semararamiro anoita vekwaBranham. Unogara mumba mako, vekwaJones, sokurama kunoita vekwaJones.

²³⁹ Uye Muimba yaMwari tinorarama neShoko raMwari uye neRose rinobva mumuromo waMwari; uye mumwe wose, wekubiridzira, hatimuteereri. Maona? “Muchadya chingwa chisina mbiriso, muzera rose rekereke, sokungoRipa kwaNdiri kuita kwamuri.” Asi musaedza kudzokera nokuisa izvo mune Izvi, nokuti zvasvika mugunde. “Muchatora mapfupa nezvinhu zvasara zvechibairo zvino mozvipisa!” Yaenda, zera rekereke rafa, raenda; tave mune rimwe zvino. Amen!

240 “Nzvimbo yaNdakasarudza kuisa Zita raNgu mairi.” O, ini zvangu! VaKorinte Vokutanga 12.

241 Cherechedzai vaEfeso 4:30.

...regai kuchemedza Mweya mutsvene waMwari, wamakaiswa chisimbiso maari kusvika... (parumutsiriro rwunotevera?)...kusvika pazuva rokudzikinurwa kwenyu.

...regai kuchemedza Mweya mutsvene waMwari, wamakaiswa chisimbiso maari kusvika pazuva rokudzikinurwa kwenyu.

242 Zvino cherechedzai. Ngatizviisei pachidzidzo chedu cheMagwaro. Zvino zviri nani tichienda; ndinofunga kuti ndiri kunetesa vanhu. Maona? [Mumwe munhu anoti, “Kwete, hamusi, Hama Branham.”—Mupepeti.] Tarirai kuno, vanhu vari kusimuka vachienda kumba, muri kuona, saka vane—vane svusvuro yemasikati iri kubikwa, nemumwe munhu wavari kuda kusangana naye. Vanga vasiri kutarisira kuuya zasi kuno kuzoteerera zuva rose. Maona? Asi, tarirai, munoziva. . .

243 [Hama Ben Bryant vakataura chimwe chinhu—Mupepeti.] Ben, o, ndinofanira kushanda pauri! Ropafadzwa! Ndatenda, Hama Ben. Ndinokudai, Hama Ben.

244 Dai maiziva mukomana uyu zvaakatitambudzikira muhondo iya; akapfurwa kuita zvimedu-zvimedu, nokuputitswa, nezvimwe zvose. Akava nehupenyu hwaiva nezvese, asi Mwari vakamuropafadza. Akaramba akatendeka. Mudzimai wake akamusiya, akamutiza ndokuroorwa zvakare, ndokutora vana vake. O, ini zvangu, handikwanise kuzvifunga.

245 Asi, zvisinei, Mwari vakuropafadze, Ben.

246 Ari paari zvino azere nezvimedu zvesimbi, zvakatsimbirira patsinga dzake dzemanzwiro nezvimwe zvose. Izvo, unofanira kuziva zviri seri kwezvinhu, muri kuona. Mwari varopafadze mukomana uyu. Hongu.

...wamakaisirwa chisimbiso maari kusvika pazuva rokudzikinurwa kwenyu.

247 Cherechedzai! Zvino izvi zvinogona kutswinya zvisihoma, asi cherechedzai. Musanditsamwire. Ingorangarirai.

248 Paya Israeri payakangotarisa pamukova uya, waiva neropa riya pamukova, zita (ropa, upenyu), uye nokupinda vari pasi peropa iroro, havana kumbobuda zvakare kusvikira vabuda muEgipita.

...regai kuchemedza Mweya mutsvene waMwari, wokuti munopinda uye morega kubuda zvakare kusvikira zuva ramuchadzikinurwa. (Maona?)

249 Munoziva, Bhaibheri rinogara nguva dzose riri remazvirokwazvo. Vanoisa maShoko Imomo, unofanira kuRiisa

apo paRinoenda, kuRiita, kugadzira mufananidzo wese werudzikinuro. Maona? Maona?

...regai kuchemedza Mweya mutsvene waMwari, wamakaisirwa chisimbiso maari kusvika pakudzikinurwa kwenyu. (Kusvikira madzikinurwa.)

²⁵⁰ Wakasimbiswa imomo, uri pasi peRopa. Haubudemo zvachose. Uye zvino uri chii? Mwanakomana waMwari ari mumhuri yaMwari, akasimbisirwa mukati neMweya Mutsvene. Dhiyabhorosi haakwanise kukubata kunyange aitoda; nokuti wakafa, chikamu chemurume wako wakare chakafa; uye wakavigwa, uye hupenyu hwako hwakavanzwa muna Mwari nemunaKristu, uye wakasimbiswa neMweya Mutsvene. Maona? Ko achakuwana sei? Ko iwe uchabuda sei kunze? Urimo imomo! Girori! Zvino ndave kusiya izvozvovo zvoga; zvakangokwana kuitira kuti muzive zvandiri kutaure nezvazvo.

²⁵¹ Zvino chisikwa chitsva, kwete kusangano asi kuShoko. Uri chisikwa cheShoko. Nokuti dombo renheyo rakaiswa mauri nyika isati yavambwa, makatemerwa kuva vanakomana nevanasikana vaMwari.

²⁵² Uye pane izvozvi pakauya ibwe pamusoro perimwe ibwe, muzera roga-roga, kusimbisa Shoko iro riri kuuya, chaizvo saJesu zvaakaita muzera raKe, zviriro izvo, Dombo rakatesva riri pamusoro pezvose. MaAri maiva nemazera ose. Muna Jesu maiva naMosesi. Muna Jesu maiva naDhavhidhi. Muna Jesu maiva nevaporofita. Ndizvozvo here? Tarirai kuna Josefa, akatengeswa nemasirivheri angada kusvika makumi matatu, ndokukandirwa imomo, zvichiita sokunzi afa, ndokuburitswa kunze, ndokuenda zvino ndokuuya kuruoko rwerudyi rwaFarao. Onai, chaizvoizvo, Jesu aka... Josefa aiva munaJesu.

²⁵³ Zvino paAkauya, Aiva huzaro hwemadzimambo, vaporofita (hareruya), humwari mumutumbi hwakanga hwakazorora maAri. Akauya kuzodzikinura kubva imomo Mwenga, Humhizha. Humhizha hunotaura kuna Satani kuti...

²⁵⁴ Paanoti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna zvinhu zvakadaro sezvinhu izvi zvauri kutaura pamusoro pazvo.”

²⁵⁵ “Enda shure kwangu, Satani.” Maona? Munoono, Humhizha hwakamira uye huchichengetedza.

²⁵⁶ Pane imwe nguva Dombo repamusoro rakatesva richadzoka, musoro wazvo zvose, wogamuchira Mwenga kwaAri pachake; sezvo mudzimai akatorwa kubva pamurume, chikamu chemurume. Wese... Zvizenga zvemurume zviriro mumudzimai, izvo zvinoumba mudzimai. Uye ndizvo zviriro Shoko raMwari muKereke, izvo zvinoina kuti Kereke ive Mwenga. Kwete sangano, nderadhiyabhore, ose zvawo. Handisi kudana vanhu vari imomo zvakadaro; vanhu vanonzwisa urombo vakanyengerwa, sokutaura kwakaita Jesu, “Bofu richitungamira rimwe bofu.” Uye haAna kukwanisa kuvadanira kunze.

257 Zvino ivo vakati, “Handiti, wakaberekwa neupombwe! Ndiyani akuudza kuti uuye kuno? Chikoro chipi, iseminari ipi yakakucherechedza?” Ndokuti, “Tina Mosesi. Tiri . . .”

258 Iye akati, “Dai maiziva Mosesi, mungadai makaNdiziva.”

259 Nokuti Mosesi akaMunyora mumabhuku ake mana, “Jehovha Mwari wenyu achasimudza Mupi weShoko, muPorofita akafanana neni, uye uyo asinganzwi Muporofita uyu achagurwa kubva pakati pevanhu vake.” Ndizvo zvoga zvazviri. Uye Iye chii? Shoko. Uye Chii? Musasiya imwe yembiriso yakasara mu . . . Musaisa mbiriso mukati maRo. Musawedzera chero chitendwa, chero sangano, nokuti rinosvibiswa pakarepo, chibairo chako chopera.

260 Ngatikurumidzei zvino, nokukasika, kuitira kuti mugoenda kunodya.

261 Cherechedzai! Zvino, zvadaro, uri mwanakomana waMwari, muimba yaMwari, uri chikamu chehupfumi hwaMwari. VaRoma 8:1, “Zvino hapachisina kupomerwa kune avo vari muna Kristu Jesu.” Nokuti vakafa kunyika, vari vapenyu maAri, uye vachirarama muzuva rino, vachiita Shoko iro Mwari raakavashandisa, kana kuti raakavatemera, achiisa mazita avo muBhuku rino reMwenga. Uye kana Mvura dzauya pambeu iyi iri mumoyo, dzoisimudza kuva Mwenga waKristu. O, zvangu ini! Zvakakwana zvachose. Muzera roga-roga zvanga zvakadaro.

262 MaLutherani, pasi pekururamiswa, tsoka, akaisimudza saizvozvo; Wesley, pasi pekucheneswa. MaPentekosti pasi pemaoko, mabasa nezviito nezvakadaro, waifanira kuva maCalvinisti . . . kana kuti vaifanira kuva maArminian, vaifanira kuve vanhu vemurairo. Asi zvino tauya kumusoro, dombo repamusoro rakatesva. “Nyasha! Nyasha!” dombo repamusoro rakatesva rakadanidzira.

263 Dombo repamusoro richidanidzira kuti kudini? “Nyasha! Nyasha!” Kudarika kubva murufu nechitendwa, kupinda Mushoko benyu raMwari mupenyu. Zano roga rakapiwa naMwari rezera raVo, vanakomana vaVo muzera reShoko vakavandudzwa neMweya sekamoto kakatungidzwa kubva pane chimwe chinhu kuti rive benyu; uye vagere zvino munzvimbo dzekumatenga (iye zvino), vari vapenyu nekare uye vari pasi pevimbiso dzose dziri muShoko. Zvino izvozvo zvinoitei? Iwe uri chikamu chechizenga chaMwari, chikamu cheShoko, vamwe varume vari chikamu cheShoko raMwari, mugere pamwe chete, munoratidza Mutumbi wese waKristu, nokuti hapana mbiriso pakati penyu. (Muri kuona zvaAri kutaura nezvazvo, Hama Brown?) Pasina mbiriso pakati penyu, ringori Shoko roga, mugere munzvimbo dzekumatenga, pamukova paVakaisa Zita raVo: Kristu Jesu.

264 Pasina mbiriso pakati penyu, izvozvo zvinounza huzaro hwese hwehumwari mumutumbi pakati penyu. Hazvaigoneka

muzera raLuther, hazvaigoneka muzera raWesley, hazvigoneki muzera rePentekosti; asi muzuva apo Mwanakomana wemunhu achange achiratidzwa, achizarurwa, ndokudzozazve Kereke pamwe chete neHumwari hwese hwaMwari pakati pevanhu vaKe, achiratidza zviratidzo zvinoonekwa zvimwe chete, achizviratidza pachaKe sezvaAkamboita pakutanga paAkaratidzwa panyika ari muchimiro cheMuporofita-Mwari. O! Girori! Zvakavimbiswa naMaraki 4, zvakavimbiswa nemamwe ose Magwaro. Uri kunamatirepi? Imba yaMwari, makagara (iye zvino).

²⁶⁵ Zvino, nokukasika, ngatitarisei nokukasika zvino, zvino tozoon nezve...Mumaminitisi gumi tinenge taenda, Ishe vachitendera.

²⁶⁶ Zvino ngatitarire pane vamwe vakamutswa muimba iyi yaMwari, yemuzera ravo.

²⁶⁷ Enoki! (Mumaminitisi gumi tichaenda, kana mukagona kutsungirira kwenguva yakadaro.) Tarisai, Enoki aive Shoko raMwari rinorarama remuzera rake, akanga ari muporofita.

²⁶⁸ Muporofita ndiye chinhu chinoratidza chiedza chaMwari. Vangani vanozviziva? Chi—chinhu chinoratidza chiedza hachizviratidze icho pachezvacho, chi—chinhu chinoratidza chiedza hachisi chadzera. Panofanira kuva nechimwe chinhu chinorova chinhu—chinhu chinoratidza chadzera chinochiita kuti pave nechadzera. Nokudaro muporofita mudziyo wakasanangurwa waMwari asingagone kuratidza chimwe chinhu asi ari chaimo mugwara rechadzera chacho, Mwari, kuratidza chimiro chaKristu, Shoko. Munoon, hapana chimwe chinogona kuzviita. Uri chinhu chinoratidza chadzera, ndicho chikonzero muporofita akatodya bhuku. Ndicho chikonzero akatodya bhuku. Aifanira kuratidza Shoko rezera iro. Mazvibata?

²⁶⁹ Cherechedzai Enoki, muratidzi wechadzera chaMwari akakwana mumufananidzo. Paya Mwari pavakanga vapedza—vapedza naye, Vakangomushandura, ndokumutora kuenda kumusoro. Hurongwa hwaakanga achiratidza hwakava simba rokufambisa neMweya, uye ndokumutakura kuenda kudenga.

²⁷⁰ Zvimwe chete mumazuva aEria. Eria, kunyange kusvika kumapfupa ake, apo kuratidza uku...Muratidzi wechadzera chaMwari mumutumbi wake chichiratidza Shoko raMwari. Vakaisa munhu akafa pariri, ndokutungira kuhupenyu zvakare. Tiri nyama nemapfupa aKe, kana tingori Mwenga waKristu. Munozvitenda here? Zvakanaka. Akatifira, uye isu takafa pachedu uye takavigwa muZita raKe, kuti tizogona “hatichisiri venyika zvachose, asi tiri maAri,” zvokuti dzose mhuri mbiri iri Kudenga inodaidzwa neZita raJesu Kristu. Ndiyo vaEfeso 1:21. Nokuti vose Kudenga...mhuri iri Kudenga. Mhuri iri Kudenga inodanwa kunzi kudini? Jesu. Ko mhuri iri panyika

inodanwa kunzi kudini? Zvakanaka, ndiyo imba yaMwari pane Ropa. Ndizvozvo here? Ndiwo mukova, ndiwo musuwo, ndiyo nzvimbo paAkaisa Zita raKe, uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu. Ishoko riri kuratidza nokupfutisa zera rauri kurarama. Ndizvo zvaAkanga ari, ndizvo zvakanga zviri Mosesi, ndizvo zvakanga zviri Jakobho, ndizvo zvakanga zviri vamwe vose, vachipfutisa Shoko iroro raMwari, chinhu chinoratidza chadzera icho Mwari aizviratidza pachaKe. Uye ndokusvika pachimiro chakakwana chaMwari, Jesu Kristu, Humhizha hwaMwari; hwakarohwa kuitira kuti Agotora vamwe vose kuti vave Mwenga vanga vachiratidza chadzera.

²⁷¹ Mosesi akanga ari maAri. Joshua akanga ari maAri. Kana uri maAri, wakanga uri maAri nyika isati yavambwa, mhuri yaMwari; wakatambudzika pamwe chete naYe, wakafa pamwe chete naYe, wakaenda pamuchinjikwa pamwe chete naYe, wakamuka pamwe chete naYe; uye zvino uchiri pamwe chete naYe, ugere kunzvimbo dziri kuMatenga, uchiratidza Shoko rezera kunyika, Chiedza chenyika. “Uri Chiedza chenyika,” asi kana chakavanzwa nedengu resangano, ko vachaChiona sei? Nokuda kwetsika dzenyu, munoshaisa Chiedza basa! Nokuedza. . . Imi masangano, muri kuedza kudzivisa Chiedza kubva kukereke yenyu; hamupindi mukati, uyewo hamuvatenderi. Amenii.

²⁷² Ngatichingomirai. Ini zvangu, ndine zvakawandisa pano. Ti—tinogona kuenda mberi. . . O, ini zvangu! Tine maminitisi mashanu.

²⁷³ Maona kuti mukova ndiyani? Ndepapi apo Mwari pavaKaisa Zita raVo? Muna Jesu. Ko unopinda sei muZita raKe? Ko unopinda sei imomo? Nokubhabhatidzwa imomo! Sei? Nemvura? NeMweya! “Ishe mumwe chete, kutenda kumwe chete, rubhabhatidzo rumwe chete.” Ndirwo rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

²⁷⁴ Rubhabhatidzo rwemumvura rwunongokuisa mukuwadzana pamwe nevanhu, kuti wakacherechedza kuti wakagamuchira Kristu. Ndicho Chokwadi. Asi rubhabhatidzo rweMweya. Ndinogona kudana Zita raJesu pauri uye ndigokubhabhatidza, hazvizviiti kuti zvive saizvozvo.

²⁷⁵ Asi kana zvangoitika kuti Mweya Mutsvene zvemazvirokwazvo. . . Shoko rechokwadi rikapinda mauri (Shoko, Jesu), zvadaro, hama, Mharidzo haizombova chakavanzika kwauri zvino; unoIziva, hama, yose Yakajeka pamberi pako. Hareruya! Mwari ngavarumbidzwe! Amenii!

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Ndiye wakatanga kundida,
Akatenga rwangu rupo- . . .

Mwari Vanodikana, ndinonamata kuti Mugopodza vanhu ava, Ishe, uye mugoita kuti mumwe nomumwe wavo ave nehutano. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

276 O! Rudo! O!

Kubvira, nokutenda ndakaona hova iyoyo
Maronda eNyu anoerera achipa, (kubva
paHumhizha huya)
Rudo runodzikinura rwave dingindira rangu,

277 Ko ungaitirei. . . Mwari Rudo. “Uyo ane rudo ndewaMwari,” rwekudenga, rudo rutsvene, kwete rudo rwakasviba; rwakachena, rwusina zvinosvibisa, rudo rutsvene, rudo rwaMwari Shoko. “Mirawu yenyu ndakaivanza mumoyo mangu, kuitira kuti ndisaKutadzirei,” o, ini zvangu, ndiDhavhidhi akanga ari kuchema. HaAshamise here? HaMumude here?

278 Zvino, pane Nzira, Nzira yakachena, tsvene, nzvimbo yoga yokusangana iyo Mwari vanosangana newe. Kwete nokuda kwekuti wati, “Mwari, zvino, ndiri muMethodisti akanaka. Ndiri muBaptisti akanaka. Ndiri muPentekosti akanaka.” Kwete! Nokuda kwekuti uri munaJesu Shoko, chikamu cheShoko chiri kuratidzwa nhasi, Mharidzo yezuva ranhasi; kwete yaLuther, yaWesley, yePentekosti; asi Jesu wenyu, kuratidzwa, kwakasvika mune *izvi*. Haukwanise kudzokera kune izvozvo, ndiko kuwedzera mbiriso kuChingwa chako chitsvene, chokuti, “Munhu achararama nerimwe nerimwe Shoko rinobva mumuromo waMwari, mumwaka waRo.”

279 O uyai, Ishe Jesu, Dombo guru repamusoro. Tarirai vakarara uko, guruva remaLutherani vakafa kare-kare vachifira chitendero; tarirai maMethodisti.

280 MaPentekosti aya nevakadaro, vari kuuya zvino, mhando yechokwadi yakabuda.

281 Imi Assemblies of God makaenda mukaita sangano, apo chinhu icho chaicho Mwari chavakakubuditsai kubva machiri, makanyatsodzokera ikoko senguruve kumatope ayo.

282 Imi veOneness, United, yakare iya J.C. of... Pentecostal Assemblies of Jesus Christ. Imwe yevatema, uye ndokuzvipatsanura nokuda kwerusarura ganda. Imi makazviita, uye zvadaro makazobatana pachenyu ndokuidana kuti “United.” Zvino makava sangano, ndokukakavara neveAssemblies: “Sembwa inodzokera kumarutsi ayo.” Kana marutsi akamboita kuti imbwa irware pakutanga, haangaite kuti irware here zvakare? Shandura zvaunodya kubva kusangano rako uende kuShoko, uye ugorarama naKristu. Unonyadzisa iwe!

Ndina Baba vari mhiri uko,
 Ndina Baba vari mhiri uko,
 Ndina Baba vari mhiri uko,
 Kune mamwe mahombekombe.

Rimwe zuva rakajeka ndichaenda kunoVaona,
 Rimwe zuva rakajeka . . . enda kunoVaona,
 Rimwe zuva rakajeka ndichaenda kunoVaona,
 Kune mamwe mahombekombe.

O, hakuchange here kuri kusangana kune
 mufaro,
 Hakuchange here . . . (Shoko rinoenda
 kuShoko!) kusangana,
 (Kana Mwenga uchinge wakwira kumusoro,
 Shoko neShoko.) . . . kusangana kune mufaro,
 Kune mamwe mahombekombe.

O, zuva rakajeka iri rinogona kuva mangwana,
 Zuva rakajeka iri rinogona kuva mangwana,
 Zuva rakajeka iri rinogona kuva mangwana,
 Kune mamwe mahombekombe.

283 Munoti, “Muri kureva izvozvo, Hama Branham?”

284 Hongu, changamire! Apo muLutherani wezera iroro, vaHwisiri vezera ravo, vapedtekosti vezera ravo (vacho vechokwadi, kwete vemasangano); maPentekosti, avo vakawedzera mbiriso (sangano ravo), rakafa. Asi iri Shoko rechokwadi riri kufambira mberi, munoona. Sezvakataurwa naJesu, “Nezuva iroro, muchaziva kuti Ndiri muna Baba uye Baba vari maNdiri, uye Ini ndiri mamuri uye nemi muri maNdiri.” Rose iShoko!

O, hakuchange here kuri kusanga . . . (apo
 vanakomana vaKe vaungana pasuwo raKe)
 . . . kusangana kune mufaro,
 Hakuchange here kuri kusangana kune
 mufaro,
 Kune mamwe mahombekombe.

285 Zvino, kereke, tiri kudzidzisa zvino. Asi, rangarirai, kana uchinge wavba pano, chitanga kubuda kunze kwechikwande zvino; uri kuenda mutsanga yemumbeu, asi gara muHupo hweMwanakomana. Usawedzera, zvandataura; usatapudza, zvandataura. Nokuti, ndinotaura Chokwadi sokuziva kwandinoChiita, sokupiwa kwandaitwa naBaba. Maona? Usawedzera kwaRiri, ingotaura zvandataura.

286 Nyaya yacho ndeyekuti, ingoudza vanhu kuti vauye kuzotsvaka Ishe Jesu. Uye zvino iwe pachako wogara chaimo muHupo hwaKe, woita zverudo kwaAri, “O Ishe Jesu, Mwanakomana waMwari, ndinoKudai. Nyevenutsai moyo wangu, Ishe. Bvisai tsvina yose nerudo rwenyika, uye itai kuti ndirarambe hutsvene munyika yazvino pamberi peNyu.”

287 Ngatikotamisei misoro yedu kuti tinamate. Zvino, ngationei, tine here mumwe munhu asarudzwa kuti atiparadzanise nemunamato? Kana kuti, ndichadaro, zvino. Ivai munonyatsoremekedza.

288 Mwari vanodikanwa, tinoKutendai nokuda kwekuti tawana kudya kwedu kwepamweya. TinoKutendai, Ishe, kuti vhitamini reShoko rinokudza vanakomana vaMwari. Harina zvarinoita pane imwe zvayo mhando yevanhu, kunze kwevanakomana nevanasikana vaMwari. Saka tinoKutendai nokuda kwaRo. Uye tinonamata, Mwari, kuti tichabatsirikana naro, kuti hatisi kuzongoKutendai bedzi. TinoKutendai nokuda kwaRo, asi dai tashandisa simba kuedza ku (neRudo) nyengetedza vanhu kuti vatende munaMwari wedu; uye vakatsauka, vatadzi, madzimai, varume, vakomana, vasikana, muzera rino.

289 Tichiona, Ishe, chinhanu chepfungwa, zera rekuhuta-huta iro vanhu vari kurarama mariri, riri kuvaitisa kuti vabude mupfungwa dzavo; kuti zvinyatsozadzikisa chaizvo izvo zvakataurwa neGwaro uye nokuvimbiswa, zvinhu zvikuru zvinotyisa zvichauya panyika; semhashu, kuzotambudza madzimai anodimbura vhudzi ravo, dzichange dziine vhudzi rakareba seremudzimai. Nezvimwe zviratidzo zvakasiyana zvinotyisa zvavachaona, Ishe, muzvinhanu izvi zvepfungwa, zvekunyengereka zvavari mazviri, uye zvadaro vachidanidzira kumatombo nemakomo. Madzimai anga achiita imbva nekuti vana vavo, uye vasingade kurera vana kuti vaKuremekedzei. Avo vaMakapa vana uye vakavabara, vanovarega vachienda mumigwagwa kuti vaite zvavanoda. Ndosaka Makati, Ishe, apo Makanga muri kuenda kumuchinjikwa, “Ipapo vachatanga kuchemera matombo nemakomo kuti avawire.”


290 Tiri kuona chinhu choga-choga chiri kufamba kusvika panguva ino. Tiri kuona Gwaro riri kusimbiswa, kuratidzwa. Uye patiri kungoZviona, Ishe, Imi nemeso edu (zvichiratidzwa), rimwe zuva pachava neKubvutwa uye tichaona kuratidzwa kweShoko racho, “Nokuti Mwanakomana wemunhu achauya ari mumakore ekubwinya, neNgirozi dzaKe tsvene pamwe Naye, uye tichabvutwa kunosangana Naye mumhepo.” Zvichadaro kuti... Tiri kumbonzwa nezvazvo nhasi, ipapo tichazviona nemeso edu.

291 Dai tawanikwa tiri maAri, Ishe, nzvimbo yoga yakapiwa. Uye Iye ndiye Chibairo. TinoMuunzira, izvo zvatakanzwa nezvazvo, Jesu Kristu, muimba yaMwari nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nemuZita raJesu Kristu. Zvino ipapo Chibairo chedu chinogamuchirwa uye tinounzwa mumhuri; nokuti, tichakarasiswa tiri munyika, takatemerwa kuva vanakomana nevanasikana vaMwari nyika isati yavambwa. TinoKutendai nokuda kwaizvozvo, Baba. O, zvingaitika sei kuti mumwe munhu afuratire chinhu chakadaro, vachinge vawana

Chokwadi, chokuti Mwari akavasarudza kubva munyika? Paiva nemamiriyoni akarasika, zuva iro randakaponeswa.

²⁹² O Gwayana riri kufa, ndingakwanisa sei kuKutendai? Ko moyo wangu ungakwanisa sei kuva neruremekedzo rwakakwana pamberi peNyu? Ndibatsirei, Mwari vanodikanwa, kuti ndirarame zvakatendeka. Batsirai vanhu vangu kuti vararame zvakatendeka. Ndinovanamatira, Ishe, vose, kuti Muchazviita. Mwari, neimwe nzira, handi...Handingaziva kuti sei...Handizive zvokuita, makumbiro, Ishe; uye zvichida handisi kutombozvikumbira nenzira kwayo. Asi Imi kanganwirai kusaziva kwangu, Ishe, uye mongotarisa moyo wangu. Ndinonamata kuti pashaike mumwe wavo anorasika, kwete mumwe chete wavo, Baba. Ndinovakumbira, vose, kuti vave veNyu. NemuZita raJesu Kristu. Ameni.

NdinoMuda, ndi . . .

Uye kana uchiMuda, munodanana. Gwinhanai chishanu. 

NZVIMBO YOGA YAKAPIWA NAMWARI YOKUNAMATIRA SHO65-1128M
(God's Only Provided Place Of Worship)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 28 Mbudzi, 1965, paLife Tabernacle muShreveport, Louisiana, U.S.A., yakazorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org